The Shona Herald

Mharidzo Yokuuya Kwake

Zvanzi nalshe ndinoziva zvandakakurongera. Ndakakurongerai zvinhu zvokuti mugare zvakanaka, kwete zvinhu zvakaipa . . . -- Jer 29:11

No. 9 2013

"UYO ANE MWANAKOMANA ANO UPENYU..."

naRich Carmicheal

"Uku ndiko kupupura kuti: Mwari akatipa upenyu husingaperi uye upenyu uhu huri muMwanakomana wake. Uyo ano Mwanakomana ano upenyu; uyo asina Mwanakomana waMwari haana upenyu" (1 Johane 5:12).
"Ndinokuudzai chikwadi, Mwanakomana haagoni kuita chinhu ari oga, anongogona kuita zvaanoona Baba vake vachiita, nokuti zvose zvinoitwa naBaba, Mwanakomana anozviitawao" (Johane 5:19).

Mumazuva mashomana achangopfuura, ndakavhakachira mumwe murume akagoverana neni achiti, iye anoona zvisina kufanira kuti vaKristu vashingairire kutendeutsa vatendi vezvimwe zvitendero zvakaita sechiHindu, chiBhudha kana chiChawa [Islam]. Mhedzisiro yacho, akaenderera mberi achidaro, vanhu ivava vezvimwe zvitendero vari kuteverawo Mwari mumwe cheteyo uye vari kuvavarirawo kurarama upenyu hwakanaka, sezviri kungoitiwawo navaKristu. Nemhaka yeiko vaKristu vachishininikira kundonyerera chitendero chavo pamagurokuro avamwe? "Ko chii chaizvo chakanyanyokosha pachiKristu?" akapedzisira nokubvunza.

Mafungiro iwaya haashamisi uye ari kutekeshera mandangariro dzavazhinji. Pave nakamufumgiro nhasi kokuti hapana chitendero chinoshamisira kupfuura chimwe, naizvozvo tinofanira kuremekedzawo zvitendero zvavamwe. Vazhinjiwo vane mufungo wokuti zvitendero zvose zvimigwagwa kana kuti zvinzira-nzira zvinotungamirira kuna Mwari mumwe chete.

Pandakange ndonyatsofungisisa nezvehurukuro yangu nasamusha ava, Mwari vakasurudzira mandiri chokwadi chikuru, icho; chiri hwaro uye chinozivikanwa nevazhinji, asika apa mufungo uyu wakanyatsoti dyu pamwoyo wangu. Chokwadi ichi ndechokuti: Mwari vane Mwanakomana wavo, Ishe Jesu Kristu. Puruware irworwu, chikristu chinosiyana zvikuru nezvitendero zvose. Kanapo vaHindu, vaBhudha, vaMosiremu nevezvimwewo zvitendero vachiremekedza Jesu somunhuwo zvake iave akanaka, aive mudzidzisi mukuru uye nomuprofita mukuru, vanosaririra zvikurusa, apo vasingazonoremekedzi nokubvuma Jesu soMwanakoamana waMwari uye saiye chete nzira yokudenga [nokuna Baba].

Hama dzangu munashe, nenyasha dzaMwari hurusa, takagashidzwa chakazarurwa chikurusa, uye chakakosha, pamusoro poMwanakomana waMwari. Sokuna mupositori Petro tave kuziva kuti Jesu ndiye Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu, kwete nokuda kwokuzarurirwa nenyama neropa asi naBaba vedu vari kudenga. Vazhinji vari munyika havasati vanzwa kana kutenda uhwu hwaro hwechokwadi ichi chokuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari uye kuti ndiye chete nzira yoruponiso. Naizvozvo tine basa gurusa uye chijana chinodadisa zvikuru chokushongedzera nokusimudza chokwadi choMwanakomana waMwari, Ishe naMuponisi wedu Jesu Kristu. Kuti ndikukurudzire, rega ndikukoke kuti timbofungisisa pamusoro pezvokwadi zvinotevera iyo pamusoro paJesu, Kristu Mwanakomana waMwari [Mupenyu].

Jesu Mwanakomana waMwari Akakosha

Kanapo Mwari vane vanakomana nevasikana vakadyarwa mumhuri yake, Jesu vanomira voga soMwanakomana wavo. Iye aiva naBaba kubva pakutanga (Johane 1:2), uye apo nguva yakange yakwana pakutanga vakatuma Mwanakomana wavo kunyika, achizvarwa nomukadzi (Garatia 4:4). Vakatuma ngirozi yavo kuna Maria, mhandara, vakamuudza kuti, *"Mweya Mutsvene achauya pamusoro pako, uye simba roWokumusoro-soro richakufukidza. Uchava nomwana uye uchazvara mwanakomana ugomutumidza zita rokuti Jesu. Iye achava mukuru uye achanzi Mwanakomana woWokumusoro-soro. Ishe Mwari achamupa chigaro choushe chababa vake Dhavidha, uye achatonga pamusoro peimba yababa vake Jakobho nokusingaperi; umambo hwake hahutongogume"* (Ruka 1:31-33, 35).

Mupositori Johane anotsanangurawo ne *"zveshoko rakava nyama rikagara pakati pedu. Takaona kubwinya kwake*

(Inoenderera Mberi Papeji 3)

NHUNGAMIDZO . . .

"Izvo zvakange zviripo pakutanga, izvo zvatakanzwa, zvatankaoma nemeso edu, zvatakatarira uye zvatakabata nemaoko edu, izvozvi ndizvo zvatinoparidza zveShokl roupenyu. Upenyu hwakaonekwa; takahuona uye tinopupura nezvahwo, uye tinoparidza kwamuri upenyu husingaperi, hwakange huri kunaBaba uye uye hwakartidzwa kwatiri. Tinoparidza kwamuri zvatakaona nezvatanzwa, kuti nemiwo mugowadzana nesu. Uye tinowadzana naBaba noMwanakomana wavo, Jesu Kristu. Tiri kunyora izvi kuti mufaro wedu uzadziswe..." (1 Johane 1:1-4).

Vehama woye pose pane mufaro panofanira kuridzwa mhururu, miridzo nemheterwa. Sokutaura kwa Joseph Kumbirai, mubhuku reMabvumira Enhetembo, "Mhururu munongedzo worufaro ruri mumwoyo." Mhururu murakidzo wokutenda basa guru rakanaka rinenge raitwa. Vose vanotsigira mitambo vanowirirana neni kuti kana chikwata chaunotsigira chikagohwesa kabodzwa unototi usimuke chete, mhururu nemiridzo zvichitsva. Muchinyorwa chino tiri kurovera mhururu nemiridzo kumwanakomana waCarmicheal neunyanzvi hwake mukutsetsenura nekutsvururudza Shoko raMwari. Ichi chipo chatisina kupiwa tose sebvudzi hama, chakapiwa kuchitsama chete. Naizvozvo kune vanacho, tinofanira kukundidzira, kukurudzira uye nokuvatenda. Sokutaura kwmuimbi. Alick Macheso zvimwe zvinodawo kutendwa! Mururimi rwaamai vanoti ivo kusatenda huroyi.... Naizvozvo nhasi uno ndinoti ini mhururu nemheterwa ngazvitsve tichipemberera gwaro rino rakatakura nokupakata zvinyorwa zvaRich Carmicheal chete. Magazini ino yakatakura udobodobo hwouchi nemukaka. Zvinyorwa zvose zvakazadzwa nedenga nrhuvepo hwaMwari. Idapurahunanzva chairo gapu ramudya ndakasungwa. Muchinyorwa chino marakidzwa unyanzvi hwamandorokwati husina mukare akamboona. Mudyandakasungwa mbiradzakondo chaiye. Haiwaka! Agona agona hakezve uye ngaatendwe! Sezvandambotaura pamusoro zvimwe zvinodawo kutenda. Munezvidzidzo zvakadzama zvakatsetswa nounyanzvi uye zvinotungamirira kuupenyu husingaperi. Nguva yatiri jurarama ino yakaoma zvikuru kwazvo. Dzidziso dzenheama dziri kuwanda zvikuru. Muchinyorwa chino Jesu varikutaura, *"Mweya waShe uri pamusoro pangu, nokuti akandizodza kuti ndiparidze ivhangeri kuvarombo. Akandituma kuti ndiparidze rusununguko kuna vakasungwa uye kuti vasingaone vaone, kuti ndisunungure vakamanikidzwa; nekuti ndiparidze gore rakanaka raShe"* (Ruka 4:18). Muchinyorwa chino zvokwadi Mweya wanga uri pamusoro paRich. Maoko edu kwamuri muloma wangu Rich. Kana kuri kwedu kuChpipinge tinoti "Mwashuma musharukwa." Maita henyu imi zvenyu musina mutupo sovokwaChivi kana veChirwa. Wakaropafadzwa zvako iwe mukoma wangu semvuto yoWedenga. Mharidzo unopfura semhangura udobodobo uchitsvururudza setsvigiri. Chokwadi unodurura hakozve mwana waamai sezvawakatumwa. Havano vanaDhavhidha vanhasi. Vanotaura sekufemera kwedenga. Vanezvinyoreso zvinokosora mutinhimira namabvumira eDenga. Hekani, hekani waro imi zvenyu vasina mabvi. Kotonokai imi mose muri kumakura. Burukai imi mose muri kumakomoyo, huyai imi mose muri mumipata. Tizofara pamwe chete munaMwari. Huyai titende Mwari nokusevenzesa mwanakomana waCarmicheal. Timukudze Mwari nebasa guru raanoita. Kana taverenga nokugutsikana ndapota tose ngatiti: "Maisokwadzo!" Hekanhi hekanhi waro mukoma wangu! Bu bu bu riririri. Mbiri ngaiende kuatenga! Nhasi uno tose ngatiti:

Rumbidzai Jehovha munzvimbo tsvene yake;
Murumbidzei mumatenga esimba rake.
Nokuda kwesimba mumabasa ake murumbidzei,
Nokuda kwoukuru hwake murumbidzei,
Ukuru hwake hwokukunda munazvose.
Murumbidzei namanzwi nehwamanda,
Murumbidzei nematambureni muchitamba,
Nembira nemitengeranwa murumbidzei,
Norudimbwa nenyere murumbidzei.
Murumbidzei namakandira anorira,
Murumbidzei naanorira kwazvo makandira.
Zvinhu zvose zvinofema ngazvirumbidze Jehovha.
[Pisarema 150 sedetembo]

Mharidzo Yokuuya Kwake rinotsikiswa kamwe pamwedzi miviruye riopihwa kuna an naani anenge arikumbira neveGospel Revivals Inc., P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878.
Mupepeti: Godfrey Ndiriwenyu
Kero yo muZimbabwe: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo. E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com. Runhare 091929673.
Nhengo dzeAdvisory Committee: Fortune Mate, Inock Siziba, Mishek Joseph, Promise naStella Nyathi, Maxwell Matewe, naWisdom Tshuma

(Kubva Papeji 1)

kubwinya kwaiye mumwe oga, akabva kuna Baba, azere nenyasha uye nechokwadi" (Johane 1:14). Johane mubhabhatidzi akapawo umbowo hwake pamusoro paJesu achiti, *"Ndazviona uye ndinopupura kuti uyu ndiye Mwanakomana waMwari"* (1:34). Natanieri achishamisikawo nenjere dzaJesu anoti iye, *"Rabhi [zvichireva mudzidzisi] ndimi mwanakomana waMwari [uye] ndimi mambo waIsiraeri"* (1:49). Vadzidzi vake vakapupurawo neminana nezvishamiso zvake vakati ivo *"Chokwadi muri Mwanakomana waMwari"* (Mateo 14:33). Maritha [pazuva riya rokumutswa kwomukoma wake Razaro] nayewo akaratidza nzwisiso yake pamusoro paJesu namanzwi aya, *"Hongu Ishe ndinotenda kuti ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari, uye akanzi achauya panyika"* (Johane 11:27). Petro, nokuzararirwa pamweya, akanzwisisa kuti Jesu aive Mwanakomana uye Muzodziwa waMwari. *"Petro akapindura akati 'Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu'"* (Mateo 16:16). Mukuru wezana remauto avaRoma, paakaona kufa kwaJesu pamuchinjikwa, nayewo akapupura achiti, *"Zvechokwadi [uyu] akange ari Mwanakomana waMwari"* (Mateo 27:54). Kana iye Satani, namadhimoni ake aizvizivawo wani kuti Jesu Kristu aive Mwanakomana waMwari. Anoti iye "Kana uri Mwanakomana waMwari..." (Mateo 4:1-10; Mako 5:6-7).

Ivo Mwari Baba vari kudenga vakabvuma kuukama hwavo hwakatsauka noMwanakomana wavo. Somuenzaniso, nezuva rekubhabhatidzwa kwake, uye pakubwinya kwake kukuru pagomo Baba vakataura ivo vachiti, *"Uyu ndiye Mwanakomana wangu wandinodisa[zvikuru], [uye] anondifadza [muteererei]"* (Mateo 3:17; 17:5). KuMwanakomana waMwari vakati ivo *"iwe uri Mwanakomana wangu, nhasi ndichava Baba vako"* (Hebhuru 1:5). Uye, sokutaura kwomunyori zvakare pana vaHebhuru 1:6 *"... Mwari paakauyisa dangwe ravo munyika anoti iye 'Vatumwa vose vaMwari ngavamunamate.'"*

Jesu nayewo anotsinhira nezvoukama hwake hwakatsaukana naMwari Baba. Ave namakore gumi namaviri, akatora chinguvana ari mutemberi uye akazogoverana navabereki vake achiti, *"Manga muchinditsvagireiko? Manga musingazivi here kuti ndaifanira kunge ndiri muimba yaBab vangu"* (Ruka 2:49). Mumakore akazotevera, munguva youshumiri hwake iye Jesu Kristu, akazosanangura nezvouumwe hwake naBaba achiti, *"Ndinokuudzai chikwadi, Mwanakomana haagoni kuita chinhu ari oga, anongogona kuita zvaanoona Baba vake vachiita, nokuti zvose zvinoitwa naBaba, Mwanakomana anozviitawao"* (Johane 17:5).

Nokuda kwokudzidzisa kwake, kuti aive mumwe uye anoukama hwakadzama naBaba, vaJudha vakaedza zvakanyanya kwazvo kuti vamuuraye nokuti akange asingaputsi Sabata chete, asi kuti akange achitiwo Mwari nadBab vake, uye achizvienzanisa naMwari (5:18). Izvi zvakazosvika panhongonya, pakutongwa kwake apo vaprista vakuru vakamupomera mhoswa pasi pemhiko, vachiti, *"tiudze kana uri Kristu Mwanakomana waMwari."* Uye kanapo akange achiziva mubayiro wemhinduro yake Jesu akapindura achiti *"Hongu ndizvo zvamataura"* (Mateo 26:63-64). Avo vaimutonga vakamupomera mhosva yokuzviidza Mwari, vakamusvipira kumeso, kumurova nokumutuka. Vakasimbirira pamberi paPirato kuti Jesu aifanira kufa, *"Vajudha vakasimbirira vachiti, Isu tino murayiro, nomurayiro iwoyu, anofanira kufa, nokuti anozviiti Mwanakomana waMwari"* (Johane 19:7). Chokwadi ndechokuti vakuru ava vakange vachireva chokwadi kuti Jesu aizviidza Mwanakomana waMwari. Ngozi huru yakave yokui havana kutambira zvokwadi iyi.

Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari uye vakainzana naMwari. Mupositori Pauro anonyorawo pamusoro poMwanakomana achiti, *"Ndiye mufanakidzo waMwari asingaonekwi, dangwe rezvisikwa zvose. Nokuti zvinhu zvose zvakasikwa naye, zviri kudenga nezviri panyika zvinoonekwa, zvigaro zvoushe kana masimba kana vatongi kana vane simba, zvinhu zvose zvakasikwa naye uye zvakasikirwa iye. Iye anotangira zvose, uye zvinhu zvose zvakabatana maari. Ndiye musoro womuviri, iyo Kereke, ndiye wokutanga uye ndiye dangwe ravakamuka kuvakafa, kuitira kuti pazvinhu zvose iye ave mukuru. Nokuti Mwari akafadzwa nazvo kuti uzere hwake hwose hugare maari, uye kubudukidza naye ayananise kwaari zvinhu zvose, zvingava zvinhu zviri panyika kana zviri kudenga, nokuita rugare kubudikidza neropa rake rkateerwa pamuchinjikwa"* (Korose 1:15-20). Pane imwezve nzvimbo mupositori Pauro anonyorawo nezvaJesu achiti, ndeuyo *"pakuberekwa kwake somunhu akange ari chizvarwa chaDavidha, uye akaratidzwa nesimba kubudikidza naMweya mutsvene kuti ndiye Mwanakomana waMwari, nokumuka kwake kubva kuvakafa: Jesu Kristu Ishe wedu"* (VaRoma 1:3-4).

Munyori kuvaHebheru nayewo anonyora achiti, *"mumazuva ano okupedzisira Mwari akataura kwatiri kubudikidza noMwanakomana wake, waakaita mudyi wenhaka yezvinhu zvose uye naiyewo waakaita naye nyika. Mwanakomana ndiye chadzera chokubwinya kwaMwari uye ndiye mufananidzo chaiwo, anochengeta zvose neshoko rake rine simba. Mushure mokunge apedza kunatswa kwezvivi, akagara kurudyi rwamambo kudenga"* (Hebheru 1:2-3). Uye *"Asi pamusoro poMwanakomana anoti: 'chigaro chenyu choushe, imi chichagara nokusingaperi-peri'"* (1:8). Mururimi rumwe cheterwo mupositori Johane anowedzerawo achiti, *"Tiri maari iye wechokwadi, kunyange muMwanakomana wake Jesu Kristu. Ndiye Mwari wechokwadi noupenyu husingaperi"* (1 Johane 5:20).

(Inoenderera Mberi Papeji 4)

(Kubva Papeji 3)

Mwanakomana ane upenyu maari (sokutaura kwake pana Johane 5:26) uye ndiye mupi woupenyu (5:21). Ndiye akasarudzwa naBaba (Ruka 9:35) uye akamuita muprista mukuru (Hebheru 5:5; 7:28). SoMwanakomana wavo, akavimbika pamusoro peimba yaMwari Baba vake (3:6). Baba vanoda Mwanakomana wavo zvikuru uye vakaisa zvose mumaoko ake, (Johane 3:31-36), Mwari vakamupa simba rose, (Zvakazarurwa 2:26-27) uye vakamupa kutonga kwose (Johane 5:22). Mwari Baba vakapa Ishe Jesu, Mwanakomana wavo kukudzwa kwose (Johane 5:23).

Mwari Vakaratidza Rudo Rwavo Rukuru Nokutumira Mwanakomana Wavo

Apo tinofungisisa nezvesiyano yaJesu, uye nezvoukama hwake hwakatsetseka naBaba, ndipowo patinotanga kuyemurisisa zvikuru ukuru hworudo rwavo kwatiri kubudikidza nokutumira kwavo Mwanakomana wavo Ishe Jesu Kristu kuzofira zvivi zvedu, *"Nokuti Mwari vakada nyika nokudaro, kuti vakapa Mwanakomana wake mumwe oga, kuti ani naani anotenda kwaari arege kufa asi ave noupenyu husingaperi. Nokuti Mwari haana kutuma Mwanakomana wake kuti atonge nyika asi kuti nyika iponeswe kubudikidza naye"* (Johane 3:16-17). Mumnzwezve Johane achipupura mutsamba yake yokutanga, *"Mwari akaratitdza rudo rwake pakati pedu sezvizvi: Akatuma Mwanakomana wake mumwe chete oga munyika kuti tive noupenyu kubudikidza naye. Urwu ndirwo rudo; kwete kuti isu takada Mwari, asi kuti iye akatida akatuma Mwanakomana wake kuti ave chibayiro chinoyananisa zvivi zvedu"* (1 Johane 4:9-10). Mwari *"havana kuramba noMwanakomana wake, asi akamupa chose nokuda kwedu tose..."* (VaRoma 8:32). Tariraiwo makuriro orudo rwababa kwatiri rwokutipa Mwanakomana wake oga somupiro wezvivi zvedu. Mpositori Johane anoti iye *"Nokuti Mwari haana kutuma Mwanakomana wake kuti atonge nyika asi kuti nyika iponeswe kubudikidza naye."* Imbofunga kuti zvaive zvakaoma sei kuona Mwanakomana wavo achirohwa, kusanzwisiswa uye kushungurudzwa nokunyadziswa pamuchinjikwa. Uye namaomero azvaive zvakaita *"kuti akange asina chivi ave chivi nokuda kwedu, kuitira kuti maari tive kururama kwaMwari"* (2 Korinde 5:21). Uye kunzwa Mwanakomana wavo achichema, *"Mwari wangu, Mwari wangu, ko mandisiireko?"* (Mateo 27:46). Kana uri mubereki, zvechokwadi uchanyatsofungisisa nezvorudo noknaka kwechipo chatakapiwa naMwari apo akatipa Mwanakomana wavo kuti tigoregererwa zvivi zvedu.

Mwanakomana WaMwari Ndiye Chete Nzira Yokuna Baba

Ukuru hwomupiro uyu hunoratidza kuti pakange pasina imwe nzira yokuregererwa kwezvivi zvedu. Dai paiva namamwe mabhindauko, zvokwadi Mwari vangadai vakasarudza. Mwari vedu mutsvene, uye zvakaipa zvedu zvakatiparadzanisa naMwari wedu, [noutesvene hwavo]. Kuti ukama hwedu naMwari huyananisiwe, chivi chinofanira kubviswa, uye pasina kudeuka kweropa hapana kuregererwa kwezvivi (VaHebheru 9:22). Pasi pechibvumirano chakare, ropa remhuka raipirwa kuripire zvivi zvavanhu, asika sokutaura kwomunyori kuvaHebheru zvaive zvakaoma kuti ropa renzombe nerembudzi ribvise zvivi (10:4). Ropa raJesu chete, Gwayana raMwari, ndiro rine simba rokutichenesa pazvivi zvedu. Ropa raJesu chete Mwanakomana wake ndiro rinotinatsa pazvivi zvose (1 Johane 1:7). *"Nokuti zvakange zvisingakwaniswi kuitwa nomurayiro pakushaiwa simba kwawo nomunhu wechivi, Mwari vakazviita nokutuma Mwanakomana wavo, kuti ave chipiriso chechivi"* (VaRoma 5:13). Kanapo *"taive tiri vavengi vaMwari, takayananiswa naye kubudikidza norufu rwoMwanakomana wake"* (VaRoma 5:10). Tinokwanisa kudzikinurwa, nokuregererwa chete muMwanakomana waMwari waanodisa zvikuru (VaKorose 1:13-14).

Ndiyo mhaka nei Jesu vakataura manzwi aya, asina ani anopikisa (kana kukakavadza) *"Ndini nzira, nechokwadi uye noupenyu. Hakuna munhu angauya kuna Baba kana asina kupfuura napandiri"* (Johane 14:6). Sekutaura kwamupositori Petro azere neMweya Mutsvene, *"Ruponiso haruwanikwi kuna ani zvake, nokuti hakuna zita pasi pedenga rakapiwa kuvanhu ratingaponeswa naro"* (Mabasa 4:12). Jesu ndiye chete nzira yokutiyananisa kuna Mwari. Avo vanoita chiHindu, chiBhudha kana chiMosiremu uye nezvimwewo zvitendero zvamanyepo vangava vakanaka sei uye vanozvininipisa sei, asika chokwadi cheShoko chinoti vakarasika pazvivi zvavo kusvikira chete vatendeukira kuna Jesu Kristu kuti varegererwe zvivi zvavo uye nokuti vawane ruponiso. Iye chete ndiye muvambi wokuponeswa kusingaperi kuna vose vanomuteerera uye akanzi naMwari ave muprista mukuru werudzi rwaMerekizedheki (VaHebheru 5:9).

Mwari vakayanika pachena chokwadi chavo pamusoro poMwanakomana wavo. *"Uku ndiko kupupura kuti: Mwari akatipa upenyu husingaperi uye upenyu uhu huri muMwanakomana wake. Uyo ano Mwanakomana ano upenyu; uyo asina Mwanakomana waMwari haana upenyu"* (1 Johane 5:11-12). Inzwa! Uyo asingatendi kupupura kwaMwari pamusoro poMwanakomana wake, anoita Mwari murevi wenhema. (5:10). Murayiro wake ndewokuti mumwe nomumwe atende kuMwanakomana wake, (1 Johane 3:23) umuteeerere (Mateo 17:5) uye agopinda mukuyanana noukama naye (1Korinde 1:9; 1 Johane 1:3).

Kuramba Mwanakomana waMwari Kunomubairo Mukurusa

Hongu varipo vazhinji vanoramba, Mwanakomana

waMwari, Ishe Jesu Kristu, somuponesi wavo. Haiwaka izvi hazvifaniri kuti katyamadza nokuti tinoyambirwa nezvandi kristu, uyo ari murevi wenhema. *"Ndianiko murevi wenhema? Ndiye munhu anorambakuti Jesu ndiye Kristu. Munhu akadaro ndiye andiKristu, anoramba Baba noMwanakomana. Hakuna munhu anoramba Mwanakomana angava naBaba; ani naani anopupura mwanakomana waMwari ndiye ana Babawo"* (1 Johane 2:22-23).

Kuramba Mwanakoman waMwari kuno mubairo mukurusa. *"Uyo asingakudzi Mwanakomana haakudzi Baba vakamutuma"* (Johane 5:23). *"Hakuna munhu anoramba Mwanakomana angava naBaba; ani naani anopupura Mwanakomana waMwari ndiye ana Babawo"* (1 Johane 2:22-23). *"Ani naani anotenda kuMwanakomana ano upenyu husingaperi, asi naani anoramba Mwanakomana haangaoni upenyu, nokuti kutsamwa kwMwari kunogara pamusoro pake"* (Johane 3:36). *"Ani naani anotenda kwaari [Ishe Jesu Kristu] haatongwi, asi ani naani asingatendi atotongwa nokutihaana kutenda muzita roMwanakomana mumwe oga waMwari"* (3:18). Kutsika-tsika Mwanakomana waMwari pasi petsoka dzedu uye kutora ropa rake sechinhu pasina, kunounza kurangwa kukuru kwatiri. (VaHebheru 10:29.)

Hoko YeIvhangeri Mwanakomana waMwari

Kanapo kuramba Mwanakomana waMwari kune kurangwa kukuru, nyaya inoisvonakidza zvikuru ndeyokuti Mwari vanodisa kwazvo kuti munhu wose aponeswe kubudikidza neMwanakomana wavo. *"Baba vakatuma Mwanakomana wavo kuti ane Muponesi wenyika. Kana munhu akapupura kuti Jesu ndiye Mwanakomana waMwari, Mwari anogara maari uye iye muna Mwari"* (1 Johane 4:14-15). Ivo Jesu Kristu pachavo vakataura manzwi aya vachiti, *"Nokuti kuda kwaBaba vangu ndiko kuti ani naani anotarira kuMwanakomana anokutenda maari achava noupenyu husingaperi uye ndichamumutsa pazuva rokupedzisira"* (Johane 6:40). Mumanzwi mamwe cheteyo pana Johane 3:16 Ishe Jesu vanoti ivo, *"Nokuti Mwari akada nyika nokudaro akapa Mwanankomana wake mumwe oga, kuti ani naani anotenda kwaari arege kufa asi ave noupenyu husingaperi."* Vakazoenderera mberi vachiti ivo *"Nokuti Mwari haana kutuma Mwanakomana wake panyika kuti atonge nyika asi kuti nyika iponeswe kubudikidza naye", "ani naani anotenda kwaari [Ishe Jesu Kristu] haatongwi, asi ani naani asingatendi atotongwa nokuti haana kutenda muzita roMwanakomana mumwe oga waMwari"* (Johane 3:17-18).

Ivhangeri yose iri *"pamusoro paJesu Kristu Mwanakomana waMwari"* (Mako 1:1). Uye mwongo weIvhangeri ndewokuti akafira zvivi zvedu, akavigwa uye akamutswa kuvakafa (1Korinde 15:3-5). Ndiye chete angatiyananisa chete naMwari. Anokwanisa zvikuru kutisunungura kubva kuzvivi zvedu (1Johane 1:7; VaHebheru 9:14). Naizvozvo kana Mwanakomana akatisunungura *"tichava vakasununguka zvikuru"* (Johane 8:36). Akaonekwa kuti aparadze mabasa owakaipa, uye uyo anokunda nyika ndeuyo chete anopupura kuti Jesu ndiye Mwanakomana waMwari (1Johane 5:5).

Naizvozvo savatendi, *"takabva kuzvifananidzo kuti tishumire Mwari mupenyu uye wechokwadi, uye kuti mumirire Mwanakomana wake anobva kudenga, uyo waakamutsa kubva kuvakafa, Jesu anotinunura kubva pakutsamwa kuchauya"* (1 VaTeseronika 1:9-10). Sevatendi, upenyu hwatinorarama isu ndehwokutenda kuMwanakomana waMwari, uyo akatida akazvipira nokuda kwedu (Garatia 2:20). Saizvozvowo, apo takatarira nokumirira kudzoka kwake rwepiri, tinoshingairira kwazvo nepose patinogona kubatsira vamwe kumuziva nokumuda uye tichivaudza kuti ruponiso runowanikwa chete kubudikidza noMwanakomana waMwari, iye Ishe Jesu Kristu.

[Kubva mubepa ra Nyamavhuvhu August 2005.]

Manzwi okutenda: Vana amai nanababa ngatirovei mhururu nemiridzo kumwanakoamana waCarmicheal. Muchinyorwa chino Rich aratidza unyanzvi husina mukare akamboona bodo. Veduwe pano mwana wemuchena aratidza unyanzvi hwamandiriri. Ndingati ini afemerwa kutizarurira chokwadi chinosunungura pamusoro paJesu Kristu Mwanakomana waMwari mupenyu. Ko nhai imi, mwoyo yenyu yanga isingapisi here mukati menyu apo anga achidurura chizarurwa ichi kubva muMagwaro matsvene. Veduwe seni apa ndabaiwa naro vhangeri! Ndapota chinyorwa ichi musachirasa, chichengetei uye kana zvichibvira chishandisei nguva dzose mukudzidzisa vamwe pamusoro pomuvambi nomukwanisi wokutenda kwedu. Vazhinji vakarasika uye vari kurasika, naizvozvo vanoda zvidzidzo zvakadai sechichi. Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kumaKereke. [Mupepeti]

Chikumbiro!!!

Mharidzo Yokuuya Kwake ingafara zvikuru kana ikawana tsamba dzinobva kwamuri imi vaverengi. Ndapota tItumiraiwo tsamba dzenyu muchitiudza kuti murikuzvinzwa sei zvatiri kukupai uye neizvo zvamunotarisira kuti dai zvawedzerwa. Motiudzawoka nhai hama kuti Mwari muri kumushandira sei uye kuti neyewo ari kushandawo sei mumaKereke enyu. Titumireiwo zvikumbiro zveminyengetero pakero inoti Mharidzo Yokuuya Kwake c/o Godfrey Ndiriwenyu, 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawyo, Zimbabwe; kana kero ye e-meiri inoti *Mharidzo4Him@yahoo.com.*
Runhare: 0772 929 673.

TINOPARIDZA KRISTU

naRich Carmicheal

"Nokuti Mwari akada nyika nokudaro akapa Mwanankomana wake mumwe oga, kuti ani naani anotenda kwaari arege kufa asi ave noupenyu husingaperi" (Johane 3:16).

"Nokuti zvandakagamuchira sezvinokosha pakutanga ndizvo zvandakakupaiwo kuti Kristu Jesu akafira zvivi zvedu sezvakanyorwa muMagwaro, kuti akavigwa akamutswa pazuva rechitatu sezvakanyorwa muMagwaro..." (1 Korinde 15:3-4).

Pakati-kati pourongwa hwaMwari hwokuponesa nyika, pane Mwanakomana wake, Jesu Kristu. (Jesu) Akauya kuzopira upenyu hwake kuti iwe neni, tigamuchire kuregererwa kwezvivi uye nechipo choupenyu husingaperi. Akauyirawo *"kuti rufu rwake ruparadze iye ane rufu ari, iye dhiabhori, uye kuti agosunungura vaya vakanga vakasungwa muuranda muupenyu hwavo hwose nokutya kwavo rufu"* (Hebheru 2:14) uye nokuparadza mabasa ake ose. Sezvo Satani achishuwira kuparadza hunhu hwose (Johane 8:44; 1 Petro 5:8; Zvakazarurwa 12:9), hazvishamisi kuti anoedza zvose zvaanogona kumonyorora (nokukoromora) zvokwadi yaKristu, nokuvharidzira vanhu kuruzivo rwaKristu uye nokuti vaponeswe naye. Sokunyora kwamupositori Pauro *"vasingatendi vakapofamadzwa ndangariro dzavo* ***"namwari"*** *wenyika ino, kuti verege kuona chiedza cheivhangeri rokubwinya kwaKristu anova iye mufananidzo waMwari"* (2 Korinde 4:4).

Mupositori Johane anotiyeuchidzawo nezvokurwiswa kwohunhu hwaKristu, uye agotiyambirawo kuti tizive kuti mweya waandi kristu, uri kushanda munyika iko zvino (1 Johane 4:3). Anotsanangudza murevi wenhema uyu semunhu anoramba Baba, naJesu Kristu seMwanakomana waMwari. Anoenderera mberi achiti iye *"mweya wose usinga pupuri Jesu Kristu haubvi kuna Mwari; Ndiwo mweya waandikristu wamakanzwa kuit uri kuuya munyika"* (1 Johane 2:22). Zvakare achiri munyaya imwe cheteyo yo *"munyepi nanaandi kristu,"* Johane anonyorawo achiti, *"Vanyengeri vazhinji vasingapupuri kuti Jesu akauya munyama, vakapinda munyika. Munhu akadaro ndiye munyengeri naandi kristu. Muchenjerere kuti murege kurasikirwa nezvamakashandira..."* (2 Johane 1:7).

Mupositori Pauro anoyambirazve nezveavo vanoshandura ivhangeri yaKristu (Garatia 1:7). Uye anoyambira uyo ose anoparidza ivhangeri isiriyo kuti achatukwa (Garatia 1:8-9). Anoratidza kurwadzikana kukuru sei kuti vamwe vatendi vave kutogamuchira avo vari kuparidza mumwe Kristu vachirasika kubva pakururama nokuzvipira kuna Kristi pakuchena (2 Korinde 11:3-4). Anokomekedzesa kuti avo vanoshumira rimwe ivhangeri risiri raKristu, kuti vakarasika uye kuti havana chavanoziva (1Tim. 6:3-4). Uye agotiyambirawo kuti vazhinji vave kurarama sevavengi vemuchinjikwa waKristu (Firipi 3:18). Mupositori Judha anowedzerawo kuti vanhu vasina umwari, vanhu vanoramba Jesu Kristu vachapinda muchivande pakati pekereke (Judha 1:4).

Chinhu chikuru chinosuwisa zvikuru, ndechokuti kurwiswa kwuhunhu hwaKristu kuri kuramba kuchikura muiwo mazuvaano. Zvitendero zvizhinji, zvingangobvuma Jesuwo, asi vazhinji nhasi, vanoramba kuti Jesu ndiMwari panyama, kuti ndiye Mwanakomana waMwari mupenyu, kuti akafa pamuchinjikwa uye akamuka kuvakafa, kuti ndiye chete nzira yoruponiso, uye kuti ari kuzodzoka zvakare saIshe wamadzishe naMambo wamadzomambo. Zvimwewo zvitendero zvichikristu zvinoparidza Jesu Kristu mudzidziso dzawo asika Jesu wavo, haasiri iye anopupurirwa neMagwaro. Uye, zvine urombo hukurusa, kana pakati pedu mumakereke vanhu vazhinji vari kuparidza Jesu asiriye, (anorehwa neShoko raMwari).

Namhaka yezvose izvi, zvakakosha kuti teenderere mberi tichiparidza chokwadi pamusoro paKristu, uye kufamba (nokurarama) muzvokwadi iyoyi. Sokutaura kwamupositori Pauro *"... tinomuparidza tichirayira uye uye tichidzidzisa munhu wose nouchenjeri hwose,kuitira kuti tiise munhu wose akakwana muna Kristu. Nokuda kwaizvozvi, ndinoshanda nesimba, ndichirwisa nesimba rake rose, rinoshanda zvikuru mandiri"* (Korose 1:28). Tine zvose izvi mundangariro dzedu, tinokudanirai kuukuru hwaJesu Kristu, uye sezvakanyorwa muMagwaro...

...Jesu ndiye Mwanakomana waMwari mupenyu (Mateu 16:16). Ndiye oga Mwanakomana waMwari akatumirwa kunyika kwete kuti atonge nyika asi kuti nyika kubudikidza naye iponeswe. Mwari vanopupura kuti upenyu husinga peri huri muMwanakomana wavo (1 Johane 5:10-11). Uyo ose ane Mwanakomana ane upenyu, uye uyo ose asina Mwanakomana haana upenyu (1 Johane 5:12).

...Jesu ndiye chadzera chokubwinya kwaMwari uye ndiye mufananidzo wake chaiwo (Hebheru 1:3). *"Ndiye mufananidzo waMwari asingaonekwi, dangwe rezvisikwa zvose"* (Korose 1:15) uye *"muna Kristu kuzara kwaMwari*

kunogara maari pamuviri" (Korose 2:9). Mwari *"akaita kuti chiedza chake chipenye mumwoyo yedu kuti tiwane chiedza choruzivo rwokubwinya kwaMwari muchiso chaKristu* (2 Korinde 4:6). Ari mumwe naBaba. *"Jesu akapindura achiti 'ini naBaba tiri vamwe'"* (Johane 10:30).

...Kubudikidza naJesu *"zvinhu zvose zvakasikwa naye, zviri kudenga nezviri panyika, zvinoonekwa nezvisingaoneki, zvigaro zvoushe, kana masimba, kana vatongi kana vane simba; zvinhu zvose zvakasikwa naye uye zvakasikirwa iye. Iye anotangira zvose uye zvinhu zvose zvinobatana maari"* (Korose 1:16-17). Jesu *"anochengeta zvinhu zvose neshoko rake rine simba"* (Hebheru 1:3).

...Jesu iShoko *"rakave nyama rikararama pakati pedu"* (Johane 1:14). Akararama munyama *"kuitira kuti rufu rwake ruparadze iye ane rufu, iye dhiabhori, uye agosunungura vaya vakanga vakasungwa muuranda muupenyu hwavo hwose nokutya kwavo rufu"* (Hebheru 2:14). Kristu akazvidzirisa, *"akazviita chinhu pasina akatora chimiro chomuranda chaiye, uye akati awanikwa ane chimiro chomunhu, akazvininipisa uye akateerera kusvikira pakufa"* (Firipi 2:7-8). Iye *"akazvipa nokuda kwedu sechipiriso uye sechibayiro kuna Mwari"* (Efeso 5:2). Jesu ndiye *"Gwayana raMwari rakabayiwa, uye neropa rake akatengera Mwari vanhu kubva kumarudzi ose, uye nendimi dzose, navanhu nandudzi zose"* (Zvakazarurwa 5:9).

...Jesu akabayiwa nokuda kwokutadza kwedu, akakuvadzwa nokuda kwezvakaipa zvedu (Isaya 53:5), uye *"Iye pachake akatukura zvivi zvedu mumuviri wake pamuchunjikwa"* (1 Petro 2:24). Mwari *"akaita kuti uyo akange asina chivi ave chivi nokuda kwedu, kuitira kuti maari tive kururama kwaMwari"* (2 Korinde 5:21). Uye *"Isu tose takange takarasika samakwai mumwe nomumwe nenzira yake, asi Jehovha akaisa pamusoro pake kuipa kwedu tose"* (Isaya 53:6). Jesu katsunga pamuchinjikwa akashora kunyadziswa kwawo (Hebheru 12:2), uye *"akafira zvivi zvavose kamwe chete, akarurama nokuda kwavasakarurama, kuti akuuyisei kuna Mwari Baba"* (1 Petro 3:18). Anotiponesa kubva muzvivi zvedu (Mateo 1:21). Uye maari *"tinowana rudzikinuro nokuda kweropa rake, ikwo kuregererwa kwezvivi"* (Efeso 1:7). Ropa rake rinotinatsa pazvivi zvose (1 Johane 1:7) uye anochenesa hana dzedu kubva pamabasa kuti tigogamuchira Mwari mupenyu (Hebheru 9:14).

...Jesu ndiye *"nzira, chokwadi uye neupenyu,"* uye hakuna anouya kuna Baba kana asina kupfuura napaari (Johane 14:6). Ndiye *"murevereri mumwe chete pakati paMwari navanhu"* (1 Tim 2:5-6) uye *"ruponeso haruwanikwi kuna ani zvake, nokuti hakuna rimwe zita pasi pedenga rakapiwa kuvanhu ratingaponeswa naro"* (Mabasa 4:12). (Hama wee!) Pasina Kristu munhu haana tariro uye haana Mwari (Efeso 2:12).

...Jesu Kristu *"akarovererwa pamuchinjikwa muutere asi anorarama nesimba raMwari"* (2 Korinde 13:4). Mwari akamumutsa kuvakafa, *"Chibereko chokutanga chavavete"* (Mabasa 2:24; 1 Korinde 15:20). Ane upenyu husingaperi (Hebheru 7:16) uye *"zvakanga zvisingabviri kuti rufu rumubate"* (Mabasa 2:24). Ndiye Wokutanga noWokupedzisira. Mupenyu akange akafa uye ari mupenyu nokusingaperi-peri (Zvakazarurwa 1:17-18). Iye (Jesu) *"akaparadza rufu uye akabudisa pachena upenyu nokusafa, kubudikidza neivhangeri"* (2 Tim 1:10-11). (Jesu) ndiye kumuka noupenyu, uyo anotenda kwaari achararama kna dai akafa. (Johane 11:25).

...(Iye) Jesu kakwidwa kudenga (Mabasa 1:9) uye agree kurudyi rwaBaba kudenga, *"pamusoro poutongi hose noukuru, nesimba noushe, uye namazita ose angangogona kurehwa, kwete panyika yazvino chete asiwo pane ichauya"* (Efeso 1:20-21). Mwari akamukudza panzvimbo yapamusoro-soro, uye *"akamupa zita riri pamusoro pamazita ose, kuti muzita raJesu, mabvi ose apfugame, mudenga napanyika uye nepasi penyika, uye ndimi dzose dzipupure kuti Jesu Kristu ndiye She Kuti Mwari baba vakudzwe"* (Firipi 2:9-11).

...Jesu ndiye *"tariro yakaropafadzwa"* (Tito 2:13) uye achaonekwa kechipiri kuti auyise ruponeso kuna vakmumirira (Hebheru 9:28). Iye *"achaburuka achibva kudenga, nokurayira kukuru, nenzwi romutumwa mukuru uye nokurira kwehwamanda yaMwari"* (1 Thes 4:16). Ndiye Muponisi wedu ari kuuya kubva kudenga uye nesimba rake *"achavandudza miviri yedu yokuninipisa kuti ifanane nomuviri wake wokubwinya"* (Firipi 3:20-21).

...Jesu *"arikuuya namakore (sokuenda kwaakaita) uye meso ose achamuona, uye marudzi ose enyika achachema nokuda kwake"* (Zvakazarurwa 1:7). Acharatidzwa *"kubva kudenga mumurazvo womoto unopfuta ane vatumwa vake vane samba. Acharanga vaya vasingazivi Mwari uye vasinga teereri ivhangeri raShe wedu Jesu"* (2 Thes 1:7-8). Jesu oge ndiye anotinunura kubva pakutsamwa kuchauya (1 Thes 1:10).

...Ndiye *"akagadzwa naMwari kuti ave mutongi wavapenyu navakafa"* (Mabasa 10:42) uye kana achidzoka *"achaisa pachena zvose zvakavanzwa murima uye acharatidza mifungo yemwoyo yavanhu. Panguva iyoyo mumwe nomumwe acharumbidzwa naMwari"* (1 Korinde 4:5). *"Nokuti tose tinofanira kumira pachigaro chokutonga*

(Inoenderera Mberi Papeji 8)

(Kubva Papeji 7)
chakristu, mumwe nomumwe apiwe zvakafanira pazvinhu zvaakaita nomuviri wake, zvingava zvakanaka kana zvakaipa" (2 Korinde 5:10).

...Jesu ndiye *"Arifa naOmega, wokutanga newokupedzisira kutanga nokuguma"* (Zvakazarurwa 22:13). Muvambi wokuponeswa kwedu (Hebheru 2:10) uye ndiye muvambi nomukwanisi wekutenda kwedu (Hebheru 12:2). Mdiye Mufudzi womweya yedu (1 Petro 2:25), uye anotida nokuti *"akarasira upenyu hwake nokuda kwedu"* (Zvakazarurwa 1:5; Johane 10:15; 1 Johane 3:16). Kuna iye (Jesu) *"ngakuve nokurmbidzwa nokubwinya uye nesimba nokusingaperi"* (Zvakazarurwa 5:13). Amen.

(Kubva mubepa ra Kubvumbi April 2010). Chokumbiro chomunamato chakatsikiswa navaMoore muzvinyorwa zvokutangisisa ndechokuti "Mharidzo Yokuuya Kwake azadzikise zvakazara zvose zvinoshuvirwa naMwari pairi, kupedzisa mumaawara iwaya okuguma, mharidzo yenyasha dzaMwari."

ISHE VARIKURUKIRIDZA RUNGANO RWAKO MURUNGANO RWAVO

naRich Carmicheal

Chiverengwa cheBhaibheri chinobva mubhuku yaRuth. Manzwi akakomberedzwa (sezvizvi), ndeakawedzerwa nomupepeti kuti zvinyatsonzwisisika.

Chikonzero chikuru nei tichawana kurudziro huru kubva murungano rwaRuth, imhaka yokuti Mwari mumwe chete vakashanda murungano urwu rwaRuth ndivozve, vari kushanda nhasi murungano rwako iwe neni (rwose rungano rwavo). *"Nemhaka yokuti ndiMwari vanogara vakadaro zuro nanhasi uye nokusingaperi"* (Hebheru 13:8). Nyaya yaRuth chirangaridzo kwatiri youkuru hwaMwari, uye chishuwo nokukwanisa kwavo kushanda zvinangwa zvavo zvitsvene matiri kubudikidza nezvinotiwira uye kuzadzikisa zvose zvinangwa zvavo (zvisinei zvazvo nokuti zvakaoma sei). *"Nokuti zvose zvakanyorwa kare zvakanyorerwa kuti zvitidzidzise isu, kuitira kuti, kubudikidza nokutsungirira nokukurudzira kwamagwaro, tive netariro"* (VaRoma 15:4, verengawo vaKorinde vokutanga 10:6, 11). Somuenzaniso, imbofunga, zvokwadi iyi pamusoro pokushanda kwaMwari murungano rwaRuth:

• **Mwari vanokwanisa kuti yambutsa mumatambudziko ose.** Naomi naRute vaiva vakatarisana nezvipingiridzo zvikuru kwazvo muupenyu hwavo. Inzwa Naomi achitaura, *"Musandidaidze kuti Naomi (Naomi zvinoreva chakanaka). Ndidaidzei kuti Mara (Mara zvinoreva kuvava), nokuti Wamasimba ose akashungurudza upenyu hwangu kwazvo. Ndakaenda ndakazara, asi Jehovha akandidzosa ndisina chinhu. Seiko muchinditi Naomi? Jehovha akandirwadzisa. Wamasimba ose akauyisa rushambwa pamusoro pangu"* (1:20). Somuenzaniso Naomi akange arasikirwa nomurume navana vake vosa, akasara angove musvuuganda, (ishwa zvayo isina kana mambava), munyika yavaMoabi. Ndangariro yaivezve yokuti angangosiiwa navaroora vake sezvo aive asina vanakomana vaizovagara nhaka. Zvisinei zvazvo Ruth akashara kudzokera naNaomi kunyika yaJudah zvisinei nezvavaizono tarisana nazvo munyika yavaienda.

Imbofunga kuti zvose izvi zvairevei kuupenyu hwaRuth. Haana kungorasikirwa nomurume chete asika mumhiko yake yokudzoka naNaomi, zvairatidza sokuti haaizowanikwazve kana kuva navana. Izvi zvaireva kurasikirwa nezvokudya muchengeti, uye kunogara upenyu hwourombo pauviri hwavo. Zvisinei, Ishe akavasesedza nokuvapfuudza pakati pazvo zvose kusvikira mumakomborero muupenyu hwavo.

Kana ukazviona uri pakati kati penguva dzakaoma nokuomerwa, ziva kuti nyaya dzina magumo anofadza, sorungano rwaRuth, dzinosanganisirawo kupfuura nomimwaka yokutambudzika. Kanapo nguva dzakadai dzisingafadzi, asiwo dzinokwanisa kuvandudza upenyu hwedu nechimiro chedu (somuenzaniso verengapo VaHebheru 12:7-11 uye naJakobhe 1:2-3). Paunotarira kuna Mwari, vachava netsitsi vagokuyambutsa mumatambudzika iwaya avakubvumira, uye kuti zvose zvikuitira zvakanaka.

• **Ishe vanopa mubairo kukuzvipira.** Rungano rwaRuth runorakidzawo kuti ndiMwari vanoremekedza nokupindura avo voso vonozvipira kwavari, uye avo vanoisa vimbo yavo murudo rwake rusingaperi. Bhaibheri shoko raMwari rinoti iro, "meso aJehovha ari pamusoro paavo vanomuda nokumutya, napamusoro paavo vanoisa tarisiro yavo murudo rwake rusingaperi. Kana dai vakawira mumatambudziko akaita sei Jehovha anovimbisa kuvapindura munguva yakafanira." Imbofungisisa, mudikani, nezvoudzamu hwokuzvipira kwaRuth: *"...Musandigombedzera kuti ndikusiyei*

kana kukufuratirai. Kwamunoenda ndiko kwandichaendawo uye pamunogara ndipo pandichagarawo. Vanhu venyu vachava vanhu vangu uye Mwari wenyu achava Mwari wangu. Pamunofira ndipo pandichafira uye pandichavigwa" (1:16-17). Ruth aizvipira nemwoyo wose kuna Naomi, kuvanhu vaMwari uye nokuna Jehovha Mwari wavo mupenyu. Mukuita zvose izvi aive otosiya mhuri yokwake uye nezvimwari zvokwake.

Tarirawo kuzvipira kwaNaomi kuna Jehovha, Mwari wake wechokwadi. Kanapo aiona sokunge ruoko rwaJehovha rwaive rwauya kuzomurwadzisa (1:13, 21), haana kurasa chokwadi yokuti Jehovha aive Mwari. Mukati kati mokushungurudzika kukuru Naomi akaramba akabatirira nokutenda kuti Jehovha ndiMwari, uye akaramba achimudana nezita rokuti *El-Shaddai*, iro rinoreva kuti (Mwari) *"Wamasimba Ose"* (1:20), zita raisimudzira Mwari, utongi hwavo uye ukuru nesimba ravo.

Ishe vakaremekedza kuzvipira nokuvimbika kwake, uye panguva yakafanira vakayambutsa Naomi (naRuth) mumwaka wamarwadzo. Shanduko huru muupenyu hwaNaomi naRuth inoratidza zvakasimba makomborero aMwari pamusoro paavo vanozvipira kwaari (uye vanotendawo kuzita rake). Patinozvipira kwaari nemwoyo yedu yose, zvikuru sei munguva dzakaoma, ngativei nechokwadi chakazara kuti Jehovha vakavimbika saMwari wedu uye kuti vachaita kuti zvose zvitiitire zvakanaka.

• **Ishe vanotitungamira.** Pane chirevo chinofadza chakashandiswa pana Ruth 2:3 kutsanangura mapindiro aRuth mubindu raBoasi: *"Zvino Rute muMoabhi akati kuna Naomi. Regai ndiende kuminda ndinonongera zviyo zvinosara ndiri shure kwaani zvake achandiitira nyasha. Naomi akati kwaari Enda hako mwanasikana wangu. Naizvozvo akaenda kuminda akatanga kunongera ari muminda achitevera shure kwavacheki. Zvakaitika ndezvokuti akabva angoenda kundoshanda mumunda waBhoasi, uyo aibva muimba yaErimereki."* Shoko rokuti (*"zvakaitika sokuti"* iro rinowanikwa mumagwaro eKing James Version) harina kuitirwa kuti zviionekwe samawiramombe bodo. Shoko iri rinotirakidze kuti aya haana kungova mahwekwe,kana mawira mombe chete, aiwa. (Pakave nokubata kwaMwari). Mumamwe manzwi "zvakaitika" namhaka yokuti Jehovha Mwari vakange vachishanda nechokuseri.

Mune dziviriro nenyaradzo mukuziva kuti Mwari vanogadzirira nzira dzedu. Kamwe apo tinozviisa mumaoko ake, saRuth, tinodekare mukuziva kuti vachavimbika mukutigadzirira makwara edu, kanapo zvichitaridzika nedzimwe nguva sokunge pasina chirikuitika. Nokufamba kwenguva tichaona masonedzero nokuvakurudza kwaanoita zvinangwa zvake muupenyu hwedu. Chijana chedu kuvimba naye uye kufamba munzira dzake.

• **Ishe vanotipa zvose zvakatifanira.** Bhuku yaRuth inotiratidzawo nzwiro yaMwari kuzvose zvatinoshuwira. Ndiye *"akashanyira vanhu vake akavapa zvokudya"* (1:6). Ndiyezve akasimudzira mitemo yakabvumirawo vanoshaiwa, saRuth, kuti vasiirwe zvokudya muminda (verenga Revitiko 23:22; Dhetoronomi 24:19). Ndiya akapa hama dzakaita saBhoazi kuzobatsira vanoshaiwa (Revhitiko 25:25, 47-49). Jehovha vane hanya nevanoshaiwa uye anovapa zvakavafanira (nguva yakafanira). Newewo unokwanisa kuvimba naye pose apo unotarira kwaari. Sokutaura kwamupositori Pauro, *"Mwari vachazadzisa zvamunoshaiwa zvose maererano nokubwinya kwepfuma yake muna Kristu Jesu"* (VaFiripi 4:19). (Someuenzaniso verengawo mavhesi aya: *"Ndinokuudzai chokwadi, hakuna munhu akasiya musha kana vanun'una, kana hanzvadzi, kana mai, kana baba kana vana, kana minda nokuda kwangu uye nokuda kweIvhangeri, achakonewa kugamuchira zvakawanda kakapetwa kazana munguva ino. Uye panguva inouya upenyu husingaperi." "Farikana munaJehovha, uye Iye achakupa zvinodikanwa nemwoyo wako; Ndakange ndrir muduku uye iko zvino ndakwegura, asi handina kumboona vakarurama vachisiiwa, kana vana vavo vachipemha chingwa"* (Ps. 37: 4, 25). [Mupepeti].

• **Jehovha vanotifukidza nenyasha dzavo.** Dindingira guru murungano rwaRuth, nderenyasha netsitsi dzaMwari. Munamato waNaomi wakukomborera pamusoro paRuth waive wokuti Mwari varakidze tsitsi (nenyasha) dzavo kuna Ruth, sezvaakamboita kwaari iye Naomi (1:8). Zvechokwadiwo Mwari vakaratidza tsitsi dzavo huru kuna Ruth, kubudikidza nemutsa waBhoazi (2:20) uyo akamupa zvishuvo zvake, kumudzivirira uye akazogumisira nokumutora somudzimai wake.

Inzwi rechiHebheru, rakapindurirwa kuva "tsitsi" pana Ruth 1:8 na 2:20, nderinoti *"hesed (chesed)* iro rakapfuma mududziro dzaro uye rinodudzirwa nenzira dzakasiyana siyana muTestamende yakare dzinosanganisira "rudo," "tsitsi," "tsitsi dzine rudo," "rudo rusingaperi" uye "nyasha." Inzwi rine dudziro inemidzi mukuzvipira muchibvumirano neukama, uye pane ratidzo yorudo netsitsi zvakaperera, muukama ihwohwo. Imwe dudziro ye *hesed* (tsitsi) dzaMwari "kuvimbika kusingashanduki, kuvimbika zvakaperera, uye shuviro yokuitira vamwe zvakanaka." Imwezve dudziro ndeyokuvimbika, tsitsi norudo zvakaperera zvinobva muchishuwo chokuchengetedza kunokuzvipira. Unyoro norudo rwaMwari zvinotitevera nguva dzose (Munzwe Dhavidha achitaura: *"Zvirokwazvo unyoro hwenyu norudo rwenyu zvichanditevera, mazuva angu ose oupenyu hwangu, uye (neniwo) ndichagara mumba maJehovha nokusingaperi"* (Ps 23:6). Rudo rwaMwari ruzere nyika yose *"Jehovha anoda kururama*

(Inoenderera Mberi Papeji 10)

(Kubva Papeji 9)
nokururamisira; nyika yose izere norudo rwake rusingaperi" (Ps. 33:5). Tsitsi dzavo dzakatipoteredza, *"asi rudo rusingaperi rwaJehovha runopotererdza munhu anovimba naye"* (Ps 32:10). Tsitsi dzavo dzinotidzivirira, *"regai kundinyima ngoni dzenyu, imi Jehovha; rudo rwenyu nechokwadi chenyu ngazvindidzivirire nguva dzose"* (Ps 40:11). Rudo rwavo ruzere kwatiri *"Imi Jehovha, munokanganwira uye makanaka, imi Ishe, muzere norudo kuna vose vanodana kwamuri"* (Ps 86:5); Tsitsi dzavo dzinotigutsa, *"Tigutsei mamgwanani norudo rwenyu rusingaperi, kuti tigoimba nomufaro mazuva edu ose"* (Ps 90:14); Rudo rwavo runotitsigira, *"Pandakati rutsoka rwangu rwotedzemuka rudo rwenyu, imi Jehovha rwakanditsigira"* (Ps 94:18); Tsitsi dzavo dzinotichengetedza *"chengetedzai upenyu hwangu zvakafanira rudo rwenyu, uye ini ndichiteerera zvirevo zvemuromo wenyu"* (Ps 119:88); Rudo rwaJehovha runotinyaradza, *"Rudo rwenyu rusinga peri ngarutinyaradze, maererano nechivimbiso chenyu kumuranda wenyu. Tsitsi dzenyu ngadziuye kwandiri kuti ndirarame, nokuti murayiro wenyu ndiwo mufaro wangu"* (Ps 119:76). Ngoni dzavo dzinogara nokusingaperi, *"vongai Jehovha, nokuti akanaka: uye ngoni dzake dzinogara nokusingaperi"* (Ps 136:1).

Mudikani, rungano rwaRuth chioniso chikuru cherudo, tsitsi nenyasha dzaMwari. Apo akazvipira nomwoyo wose kuna Mwari (1:16) Ruth akatsvaga utiziro mumapapiro ake, Ivo Mwari mukuvimbika kwavo, vakamudururira iye naNaomi, namakomborero norudo nounyoro hwavo. Saizvozvowo pose apo tinotizira kwaari, ngatizivei, zvisinei nemukare anopikisana nazvo kuti, munyasha dzavo vachatidururirawo nyasha, tsitsi nounyoro hwavo. Tinofanira kugara *"tichivimba ne(hesed) rudo rwaMwari nokusingaperi"* (Ps 52:8).

• **Mwari vanoremekedza nokukomborera utsvene.** Rungano rwaRuth rwakaitika munguva yavatongi (1:1), nguva yaive yakasvibisisa zvikuru murungano rwaIsiraeri, apo vanhu vakange vatora chitsika chokunamata zvimwari nokuita zvakaipa pamberi paMwari *"mumazuva iwayo (avatongi) kwakange kusina mambo pakati paIsiaeri; mumwe nomumwe aiita zvaaifunga kuti zvakanaka"* (21:25). Asika zvisinei zvazvo, mumazuva iwaya apo kwakange kusina mambo pakati pavaIsiraeri; mumwe nomumwe achiita zvaaifunga kuti zvakanaka, Bhoazi naRuth vakararama upenyu hwoumwari. Somuenzaniso Ruth akasiya kunamata zvidhori, akaisa mwoyo wake wose panaJehovha, izvo zvakaita azivikanwe somudzimai akatsiga (3:11). Chimiro chakanaka chaBhoazi chinoonekwawo neukama hwake nevashandi vake (2:4-5), tsitsi nounyoro hwake kuna Ruth, uye kutsiga kwake kunoonekwawo mukubvumira vokwake mvumo yokutanga, mukuwana Ruth, kanapo izvi zvaireva kurasikirwa nomudzimai waaidisa kwazvo kuwana. Mwari vakaremekedza Bhoazi naRuth, uye vakavaropafadza neroorano, uye vakavapa mwanakomana, uyo akave nhaka huru akazonozvarawo muzukuru wavo Dhavidha, uyowo akazove mambo, uye murume wapamwoyo waMwari. Apo iwe neni tirikudai kurarama munguva yerima, rungano rwaRuth runotirangaridza, nokutiyeuchidza kwokuramba tichishingairira muumwari. Ishe vakatarira, uye vakavimbika kukomborera upenyu hwako, uye kuti newewo kubudikidza neupenyu hwako hwoumwari vakomborerowo vamwe.

• **Ishe vanogona kuita zvikuru kupfuura zvatingakumbira kana kufunga.** Ruth naNaomi havana kumbofungira kuti nyaya yavo yaizova namagumo akanaka kudai. Kanapo Naomi akange arasa tariro, akazozvionera pamhuno sefodya kuti muna Mwari mune tariro. Mwari vakakwanisa kuvapa chokudya munguva yenzara (1:6, 22); vakakwanisa kuvapa murume-muchengetedzi aizobetsera Naomi naRuth (2:20) uyozve akazove murume waRuth (4:13); Vakakwanisa kubatsira Ruth kuva nemwanakomana (Obhedhi uyo akabereka Jesse uyowo akazobereka Dhavhidha, mambo wavaJudha editor) (4:13), uye kupa Naomi mhuri yaakange asingatarisiri kuva nayo. Ishe vakakwanisazve kuzarurira Naomi naRuth pakange pasina tarisiro, uye vanokwanisawo kuita zvimwe chetezvo kwauri iwe neni nhasi. NdiIshe *"vanogona kuita zvikuru zvisingagoni kuerwa, kupfuura zvose zvatingakumbira kana kufunga maererano nesimba rake riri kushanda mukati medu..."* (Efeso 3:20).

• **Ishe vanorukiridza rungano rwako murungano RwaKristu.** Chokwadi chikuru chaIshe murungano rwaRuth chinoonekwa patino verenga mabhuku amarudzi (Makoronike). Marudzi aya anoonekwawo sokunyorwa kazvakaitwa mubhuku yaMateo. Shanduko iripo chete ndeyokuti Mateo anonongedzera kuti mai vaObedi vaive Ruth. Imbotarira mudikani! Ishe vakarukiridza upenyu hwaRuth, muMaobhi, murungano rwaKristu. Chokwadi uhwu humbowo hwenyasha huru dzaMwari! Chimwezve chinokatyamadza ndechokuti Ishe varikutipawo nyasha dzokuti nesuwo tive rupawo rwerungano rwavo. Savatendi nesuwo tave mhuri yavo, uye tine mukana mukuru wakovararamira, kuvashandira, kuvapupurira, kuvakudza uye kuratidza chimiro nezita ravo. Apo upenyu hwaRute naBhoazi hwainongedzera kukuuya kwaKristu, isu hwedu nhasi upenyu hunonongedzera kurufu nokumuka kwavo uye kukuuya kwavo rwepiri, uyewo pananhasi sezuva roruponiso munaKristu (Muponisi wedu!). Tariraiwo mukana nechijana chakanaka kudai! Ngatimutsiridzeizve nhasi kuzvipira nebatiriro yedu kune Uyo ari kurukiridza rungano rwedu murungano rwake rusingaperi!

JESU-MUPRISTA WEDU MUKURU

naRich Carmicheal

"Naizvozvo, hama tsvene, vagovani neni pakudanwa kunobva kudenga, isai pfungwa dzenyu pana Jesu, Kristu Mupositori nomuprista mukuru uyo watinopupura nezvake" (Hebheru 3:1).

"Naizvozvo anogona kuponesa zvizere vaya vanouya kuna Mwari kubudikidza naye, nokuti anorarama nokusingaperi achivanyengeterera" (Hebheru 7:25).

"Asi mauya pagomo reZioni, Jerusarema rokudenga paguta reMwari mupenyu. Mauya kuzviuru nezviuru zvavatumwa vari paungano yomufaro, kuKereke yamatangwe, vane mazita akanyorwa kudenga. Mauya kuna Mwari mutongi wavanhu vose, kumweya yavanhu vakarurama vakawaniswa. Mauya kuna Jesu murerereri wesungano itsva, uye kuropa rakasaswa rinotaura zviri nani pane raAbheri..." (Hebheru 12:24).

Makomborero makuru sei muupenyu hwedu savatendi kugara tachifunganya nokutaridzisa ndangariro dzedu panaJesu Kristu Muprista wedu Mukuru! Hazvinei kuti tiri pachinzvimbo chakaita sei, takasimba here kana kuti takaneta, tiri kusimudzirwa here kana kuti tiri kudzoredzerwa shure. Hazvinei kuti tirimumufaro here kana kusuwa, tirimuutere here kana kuti tiri vatano, tinawana here kana kuti tiri varombo, tiri vakundi here kana kuti tirikukurirwa panguva iyoyo. Tingasimudzirwa zvikuru kana tikatendeutsira ndangariro nehana dzedu kuna Jesu Kristu Muprista wedu Mukuru! Ndiye simba redu, kurudziro yedu, mufaro wedu, utano hwedu, upfumi hwedu, kukunda kwedu, ruponiso rwedu, nezvimwewo zvakadaro. Savatendi zvakafanira zvikuru kuti tigare takataridza mindangariro yedu panaJesu Kristu (Mwanakomana waMwari mupenyu.).

"Naizvozvo nesuwo, zvatakakomberedzwa negore rezvapupu rakakura rikadai, ngatibvisei zvose zvinotiremedza nechivi chinongotinamatira nyore, uye ngatimhanyei nokutsungirira nhangemutange yatakaisirwa. Tichitarira kuna Jesu muvambi nomukwanisi wokutenda kwedu" (Hebheru 12:1-2). Rega ndikukoke nhasi, hama kuti timbotarisisa kuzvokwadi zvinotevera pamusoro paJesu Kristu, zvokwadi inokohomekedzeswa nomunyori kuvaHebheru: (Zvokwadi yokuti) Jesu ndiye Muprista wedu Mukuru. Mukuedza kutibatsira kubatisisa chokwadi ichi chaJesu Muprista wedu Mukuru, munyori kuvaHebheru anonyurura mifananidzo nemisiyano pakati paJesu navaprista, (kusanganisira navapamusorosoro) vomuchitenderano chakare. Mumuenzaniso mumwe nomumwe munyori anonongedzera kuhukuru hwaJesu somuprista mukuru kupfuura vose vaprista vakare.

Jesu Munzvimbo Tsvene Tsvene

Imbofunga somuenzaniso, mabasa aive akatarisana nemipiro pazuva roKuyananisa. Pamwongo webasa romuprista aive akadanirwa iri basa, kwaive kupa mipiro yokuyananisa pazvivi zvavanhu. Ushumiri uhwu hwaivapo gore roga roga, (verenga Revhitiko 16) apo muprista aibvumirwa naMwari kupinda Munzvimbo Tsvene tsvene, mutemberi, achinozviyananisa iye pachake nevemhuri yakwake uye nevanhu vaMwari. Iye oga ndiye aibvumirwa chete kupinda Munzvimbo Tsvene tsvene uye kamwe chete pagore, uye izvi aizviita mushure mukutevera miga negadziriro yokuzvishambidza sokureva kwaMwari (pasina izvozvo aingangofa pakupinda muzvimbo tsvene tsvene).

Munyori kuvaHebheru anonongedzera kuti Jesu, savaprista vapamusoro vakare, akapinda Munzvimbo Tsvene tsvene kunotiyananisa naMwari pazvivi zvedu. Asika pane misayano yakakosha pakati peUshumiri hwake nohwovaprista vakare.

Misiyano iyi inosanganisira zvinotevera:

- Apo vaprista vakare vaipinda panzvimbo tsvene yakagadzirwa, asi yaive ichingova mufananidzo chete waiyo chaiyo, Jesu haana kupinda mutembere yakaitwa namaoko avanhu, asi kuti akapinda kudenga chaiko, achitiendera pamberi paMwari (9:24). Uye haana kupinda kudenga kuti azviite chibayiro kakawanda, somuprista mukuru wakare ainopinda muNzvimbo Tsvene-tsvene, gore negore, neropa risiri rake. Izvi zvinoreva kuti tino muprista mukuru, akagara kurudyi rwechigaro chaIshe kudenga, uye anoshumira muimba tsvene, iyo Tabhenekari chaiyo iyo yakamiswa naIshe kwete navanhu (8:2).
- Apo vamwe vaprista vaipinda Munzvimbo Tsvene-tsvene vakaputirwa neutsi hwezvinonhuhwira huchifukidza chigaro chenyasha pamusoro peChipupuro (Revhi 16:13), Jesu, soMwanakomana waMwari akatiendera muuvepo hwaBaba (Hebheru 9:24; 10:9).
- Vamwe vaprista vaiva vatadziwo, vaitanga vazviyananisa ivo zvivi zvavo naMwari vasati vapinda Munzvimbo Tsvene-tsvene. Naizvozvo vaipinda munzvimbo Tsvene vaine ropa kwete ravo – asi remhuru (raimirira zvivi zvavo), nerembudzi (raimirira zvivi zvavanhu). Asi Jesu, nokuda kwokuti aive asina chivi haana kupa mupiro wezvivi zvake. Akazvipa asina chaangapomerwa kuna Mwari-Muviri wake uye neropa rake risina charingapomerwa (9:14). Akapinda Munzvimbo Tsvene-tsvene neropa rake kuti aparadze chivi nokuzviita chibayiro iye pachake! (O Haleluya!)
- Kanapo vamwe vaprista vaipinda Munzvimbo Tsvene-

(Inoenderera Mberi Papeji 12)

(Kubva Papeji 11)
tsvene kamwe chete pagore (9:25), Jesu *"akaonekwa kamwe chete"* pamagumo enyika kuti aparadze chivi nokusingaperi (9:26; 7:27). Mupiro wake wakava kamwe chete nokusingaperi!

• Kanapo ropa remhuka dzaipirwa navaprista raive nesimba shoma rokuyananisa uye richiita kuti vanatswe panyama, zvaive zvakaoma zvikuru kuti ropa remhuka idzi ribvise zvivi zvavo nokusingaperi. Vanhu vairamba vachinzwa huremu hwezvivi zvavo uye nokuzvitongesa kwezvivi. Mipiro yaipiwa gore negore yaitova muyeuchidzo wezvivi zvavo (10:1-3). Asi ropa rinoshamisa raJesu Kristu Muprista wedu Mukuru! rine simba rose rokutidzikinura kubva kuzvivi zvedu, nokutichenesa mifungo yedu kubva kuzvivi (9:14-15).

Hukuru HwaJesu Somuprista

Munyori kuvaHebheru anogoveranawo nesu, kufanana nemisiyano pakati pavaprista naJesu izvo zvinokwanisa kupfumisa zivo neukama hwedu nouyu Muprista mukuru. Zvimwe zvacho ndezvizvi:

• Jesu soMuprista Mukuru akasarudzwa kubva pakati pavanhu sokusarudzwa kwavaprista vakare(5:1). Aive munhu wakazara, akaitwa *"sahama dzake nenzira yose kuitira kuti agova muprista mukuru ane tsitsi uye akatendeka muushumiri kunaMwari uye kuti ayananise vanhu nokuda kwezvivi zvavo"* (2:17). Akatambudzika paakaedzwa, uye akadzidza kuteerera kubva pakutambudzika kwake (5:8). Asi savaprista vakare, Jesu haana chvi. Iye *"mutsvene, asina chaanopomerwa, asina kusvibiswa, akatsaurwa kubva kuvatadzi akasimudzirwa pamusoro pamatenga"* (7:26). Apo vaprista vakare vaive vakaneta, iye *"akakwaniswa nokusingaperi"* (7:28).

• Kwakava nomutorododo wavaprista nokuti rufu rwakavatadzisa kupfuurira mberi savashumiri. Asika Jesu anogona kuti ponesa zvakazara kana tikauya kuna Mwari kubudikidza naye nokuti *"anorarama nokusingaperi achivanyengeterera"* (7:25). Kusiyana navaprista vakare vaibva murudzi rwRevhi, Jesu ndowo rudzi rwaJudha, rudzi rusina kumbobvira rwashumira paaritari. Akauya somuprista ari worudzi rwaMerikizedhiki asiri worudzi rwaAroni (Aroni aive werudzi rwaRevhi).

Pane zvakakosha pamusoro paMerikizedheki: 1) Anoramba ari muprista nokusingaperi – naJesuwo anoramba ari muprista nokusingaperi (7:3); 2) SaMerikizedheki, Jesu muprista naishe (7:1-2); uye 3) Uprista hwaJesu hukurusa kunohwaAroni worudzi rwaRevhi. Izvi zvinooneka kana tichitora chiga chokuti muduku anoropafadzwa noakamupfuura paukuru. Sezvo Abhurahamu akaropafadzwa naMerikizedheki, iye ndiye anoonekwa somukuru. Uye sezvo Revhi aizouya murudzi rwaAbhurahama, Merikizedhiki mukuru kuna Revhi. Naizvozvo sezvo Jesu aizouya murudzi rwaMerikizedhiki, uprista hwake hukuru pane verudzi rwaRevhi (7:4-10).

• Apo vaprista vakare, kusanganisira naiye Aroni, vaisavimbika muukama nebasa ravo kunaMwari, Jesu *"muprista mukuru ane tsitsi uye akatendeka muushumiri kunaMwari"* (2:17) uye *"akatendeka somwanakomana pamusoro peimba yaMwari"* (3:6).

• Savaprista vakare, Jesu akapiwa uprista naMwari. Asiwo Jesu havasiri munhu chete, Mwanakomana waMwari wakazara (5:5). Havasiri munhu wakazara chete asiwo ndiMwari vakazara. *"Ndiye chadzera chokubwinya kwaMwari uye ndiye mufananidzo wake chaiwo anochengeta zvinhu zvose neshoko rake rine simba"* (1:3).

• Vamwe vaiva vaprista pasina mhiko, asi Jesu vakave muprista zvine mhiko. *"Ishe akapika uye haangashanduri murangariro wake: Iwe uri muprista nokusingaperi"* (7:21). Nokuda kwechisimbiso cheshoko nechivimbiso chake Jesu Muprista uye achava Muprista nokusingaperi.

• Kanapo vamwe vaprista vaimira nguva yose vachipa mipiro yakafanana, Jesu vakapira nokusingaperi mupiro mumwe chete uye vakanogara kurudyi rwaBaba (10:12). Pamuchinjikwa vakadanidzira, *"Zvapera"* (Johane 19:30). Kuyananiswa kwakaitwa! Munyori kuvaHebheru onokhomedzesa izvi nokutirangaridza kuti Jesu vari kurudyi rwaMwari kudenga (1:3; 8:1; 10:12; 12:2). Mupiro wake wakapedza zvose, uye vari kurumbidzwa kudenga panzvimo yakakwirira nokuremekedzwa, kurudyi rwaMwari!

• Vamwe vaprista vaive noushumiri, chivi bvumirano, zvivimbiso uye nezvishuvirowo. Asi munakristu zvinhu zvose zvave nani: ane ushumiri hwakapfuura hwavo pakunaka, akava rubatso rwesungano inopfuura nokunaka, iyo yakasimbiswa nezvipkirwa zviri nai uyezve ane tariro iri nani.

Pundutso Youprista Ukuru HwaJesu

Patinoisa mudzihana dzedu zvokwadi iyi ine chokuita naJesu muprista wedu mukuru, pane zvikomborero zvatingabata nokukoponora nokutenda muupenyu hwedu.

Hezvinoi zvikomborero zvatinowana:

• Muumunhu hwake Jesu akasangana nezvinhu zvatinosangawo nazvo nhasi uno. Nokuda kwaizvozvo, anogona kutinzwira tsitsi pautera hwedu (4:15) uye ane ngoni nenyasha kwatiri (nokuti anoziva kuti tiri ivhu) (2:17; 4:16). Anokwanisa kutibatsira pakuedzwa kwedu uye tinokwanisa kuvimba nenyasha dzake, kuitira kuti tigowana nyasha, tibatsirwe panguva yokushaiwa kwedu (4:16). Tinokwanisa kutendeukira kwaari nguva iri ipi zvayo kuti tiwane rubatsiro.

• Tinokwanisa kuwana kurudziro norudekaro nokuti Jesu vanokwanisa kuti ponesa zvakaperera. Pane dzimwe nguva patimbonzwa sokupererwa, apo zvinenge zvakadzvanya. Asi tinokwanisa kushingairira munguva dzakadai tinokuziva kuti uyo akatanga basa iri matiri anokwanisa kuripedza (VaFiripi 1:6). Jesu anochengeta zvinhu zvose neshoko rake rine simba (Hebheru 1:3). Vanokwanisisa

kuti batsira nokutichengetedza. Naizvozvo tinokwanisa *"kubatisisa kushinga kwedu uye netariri yatinozvirumbidza pamusoro payo"* (3:6) uye tinokwanisazve *"kubatisisa kuvamba kwokutenda kwedu kusvikira pakuguma"* (3:14) Isu hatiziri vaya vokudzokera shure, uye vanopradzwa, asi tiri vokutenda uye tinoponeswa! (10:39). Jesu ndiye muvambi wokuponeswa kusingaperi kuna vose vanomuteerera uye akanzi naMwari ave muprista mukuru worudzi rwaMerikizedhiki (5:9).

• Tinowana kurudziro mukurangarira kuti Jesu vanorarama nokusingaperi uye vachitinyengeterera. Chimwe chikamu cheminyengetero yavo iri pamusoro pedu isu savatendi. Imbofunga munyengetero wavo pana Petro, *"Simoni Simoni, Satani akumbira kuti akuzungure segorosi. Asi ndakunyengeterera, Simoni kuti rutendo rwako rurege kupera. Uye paunenge watendeuka, usimbisewo hama dzako"* (Ruka 22:31). Fungisisazve zvakare nezvikamu zveminyengetero pamunyengetero wake pana Johane 17, uyo unoonekwa navamwe somunamato wake mukur wouprista: *"Munyengetero wangu hausi wokuti muvabvise panyika asi kuti muvadzivirire pane akaipa. Havasi venyika, seni ndisiri wenyika. Vaitei vatsvene nechokwadi chenyu; shoko renyu ndiro chokwadi. Sezvamakandituma munyika, neniwo ndakavatuma munyika. Nokuda kwavo ndinozviita mutsvene, kuti naivowo vaitwe vatsvene muzvokwadi"* (vv. 15-18); *"Munyengetero wangu hausi waava voga. Ndinonyengetererawo neavo vachazotenda kubudikidza nemharidzo yavo, kuti vose vave vamwe, Baba, sezvo imi muri mandiri uye neni ndiri mamuri. Naivowo ngavave matiri kuitira kuti nyika igotenda kuti makandituma. Baba, ndinoda kuti vaya vamakandipa vave neni pandinenge ndiri, uye kuti vaone kubwinya kwangu, kwamakandipa nokuti makandida nyika isati yasikwa"* (vv. 20-21,24).

Mupositori Pauro vanotirangaridzawo kuti Ishe Jesu vari kurudyi rwaBaba, vachitinyengeterera, uye hakuna chinhu chingatiparadzanisa norudo rwavo. Muzvinhu zvose izvi tiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza naiye wakatida. Tinokwanisa kushingairira kusvika kumagumo nokuti Ishe wedu ari kuti nyengeterera!

• Sezvo Muprista wedu akavimbika nokutendeka, tinokwanisa kuvimba naye zvakaperera. Vanogara vakangodaro kubva zuro, nhasi kusvika kukusingaperi. Tariro yedu maari haizombonyadziswi. *"Tine tariro iyi sechibatiso chomweya chakasimba chisingazungunuswi. Inopinda mukati mechidzitiro chomutemberi, makapinda Jesu akatitangira isu, akapinda akatimirira. Akava muprista mukuru nokusingaperi worudzi rwaMerikizedhiki"* (6:19-20).

• Kubudikidza neropa rake, takasunungurwa kubva pasimba rechivi, uye tinokwanisirwa kushumira mwari (9:14). Hatisisri varanda vechivi, asi tinokwanisa kupira muviri yedu seavo vakadzikinurwa kubva murufu kuupenyu. Tave zvisikwa zvitsva muna kristu, tine ruponiso noupenyu hwake zvichishanda matiri. Mutsvene arikutiita nesu tive vatsvene (2:11).

• Kubudikidza neropa raJesu Kristu, tinokwanisa kuregererwa nokunatswa. Mupositori Johane vanotirangaridza ichi chokwadi kuti *"ropa raJesu Mwanakomana wake, rinotinatsa pazvivi zvose. Kana tichireurura zvivi zvedu, iye akatendeka uye akarurama, uye achatikanganwira zvivi zvedu agotinatsa pakusarurama kwose"* (1 Johane 1:7-9). *"Kana munhu akatadza tine murevereri kuna baba, (iye) Jesu Kristu, uyo akarurama. Ndiye chibayiro chinoyananisira pazvivi zvenyika yose!"* (1 Johane 2:1-2). Jesu vanokwanisa kupedza zvose zvivi zvedu. Kana uri kunetsekana nechivi, unokwanisa kutarira kwavari iye nhasi kuti ugowana kukunda!

• Naizvozvo, iko zvino tinotsunga kuti tipinde Munzvimbo tsvsne neropa raJesu (Hebheru 10:19). Atizarurira nzira kuti tipinde muhuvepo hwaMwari. Kwete kungotizarurira nzira chete asi ndiyezve anotitungamira. Tsanangudzo yaAndrew Murray pamusoro pamakomborero okupinda Munzvimbo Tsvene, ndiwo andinoona akfanira mukupeta nyaya yedu:

"Hapano (achireva paNzvimbo Tsvene tsvene) apo uso hwaBaba hunoonekwa, rudo rwake ruchiravirwa. Hapano apo utsvene hunozarurwa uye mweya uchinzi utore hawo zvose. Apo mupiro worudo, munyengetero nokutenda, zvinonhuhwirira zvomunamato nomukumbiro zvinopiwa (kunashe) musimba rakapfuurisa. Hapano apo kudururwa kwoMweya Mutsvene kunozivikanwa sechidzivadingwi chorwizi rusingapwi, kubva pachigaro chaMwari neGwayana. Hapano apo mweya (womunhu), muhuvepo hwaMwari, unokura kuva chimwe chete naKristu uye kuva chakafanana naye. Apo, muhuumwe naKristu, muminyengetero naye, nesuwo tinosimbiswa kutora chigaro chedu choumiriri pamunyengetero, tine simba munaMwari uye tinokukunda. Apo mweya unosimuka souri pamapapiro egondo, simba richivandudzwa, uye makomborero, simba nerudo zvichipiwa kuva vaprista vaMwari kuti, vaende vanokomborera nyika irere panhoo yorufu. Apo zuva nezuva tinowana kuzodzwa kutsva, musimba tichikwanisa kuenda kunova vadanidziri, zvapupu uye kuva mikana yoruponiso rwaMwari kuvanhu, uye tichiva midimbwa mipenyu iyo ishe vedu, vakakomborerwa, vanogona kuratidza kukunda kwavo kwakazara. O Jesu! Muprista wedu mukuru, uhwu ngahuve hupenyu hwedu kubva nhasi kusvika nariini. (Uyo ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kumaKereke) (mupepeti)

CHENJERERAI VAPOROFITA NAVADZIDZISI VENHEMA

naRich Carmicheal

"Panguva iyoyo vazhinji vachadzokera shure kubva pakutitenda uye vachamukirana vagovengana, uye vaporofita venhema uye vachanyengera vazhinji. Nokuda kwokuwanda kwokusarurama rudo rwavazhinji ruchatonhora" (Mateo 24:10-11).

"Nokuti kuchamuka vanaKristu venhema navaporofita venhema avo vachaita zviratidzo, nezvishamiso kuti vanyengere kunyange vakasarudzwa, kana zvichigoneka. Tarirai, ndafanokuudzai zvisati zvaitika" (Mateo 24:24-25).

"Zvichenjererei imi pachernyu neboka rose ramakaitwa vatariri varo neMweya Mutsvene. Fudzai Kereke yaMwari yaakatenga neropa rake pachake. Ndinoziva kuti kana ndabva, mapere achapinda pakati penyu asingaregi boka. Kunyange pakati penyu iyemi, vanhu vachamuka vachiminamisa chokwadi vachiitira kuti vatape vadzidzi kuti vavatevere. Saka rindai..." (Mabasa 20:29-31).

"Handian kutuma vaporofita ava, kunyange zvakadaro vakamhanya nesholo ravo, ini handina kutaura navo, kunyange zvakadaro vakaporofita" (Jeremia 23:21).

Magwaro matsvene anotiyambira zviri pachena, kuti tichenjerere vaporofita navadzidzisi venhema. Pave kudikana kuchenjeresesa kukuru kwazvo nhasi, sezvo vatungamiri venhema ava vachibva ipo pakati pedu (Mabasa 20:30; 2 Petro 2:1), vanouya vakapfeka matehwe emakwai (Mateo 7:15), varikupinda muchivande vachidzidzisa dzidziso dzinoparadza, vachiramba kunyange naIshe akavatenga (2 Perot 2:1), uye vachaita zviratidzo zvinoshamisa (Mateo 24:24). (Vanhu ava) vashandi vounyengeri uye vanokwanisa kuvanda sevapositori vakristu uye sevashandi vokururama (2 Korinde 11:13-15).

Ngozi iyi iri kuwedzeredzwazve nemhaka yokuti mumazuva (iwo ano) okuguma vazhinji varikuramba *"kuteerera dzidziso yakarurama. Asi vachida zvinofadza ivo,vachazviunganidzira vadzidzisi vazhinji kuti vadzidzise zvinodiwa nenzeve dzavo. Vachafuratidza nzeve dzavo kuchokwadi..."* (2 Timoti 4:3-4). Mamiriro ezvinhu aya akafanana zvikuru neenguva yaJeremia: *"Chinhu chinosemesa uye chinovhundutsa chaitika panyika. Vaporofita voporofita nhema, vaprista votonga nesimba ravo uye vanhu nangu vofarira izvozvo..."* (5:30-31). Vanhu vazhinji nhasi, kunyange mumaKereke edu, vari kuzarurira masuo, kutambira uye nokumbindikira ushumiri nemharidzo dzevadzidzisi venhema.

Tinotenda Mwari, kuti Ishe havangotiyambiri chete nevatungamiri vehnema ava, asiwo vanotiratidza muShoko ravo, kuti tinovatsaura sei vaporofita venhema ava kubva kuavo vaneumwari vaakapa kuKereke yake. Rega ndikudane kuti timbofungisisa nezviga zvinotevera.

1. Vatungamiri venhema vanofarira kushandirwa; vezvokwadi vanofarira kushandira. Jesu vanokomekedzesa zvikuru kuti muumambo hwaMwari vatano vanofanira kusimbisa vasina simba. *"Jesu akavadana pamwe chete akati Munoziva kuti vatongi vabaHedheni vanobata ushe pamusoro pavo, uye machinda vao anoshandisa samba pamusoro pavo. Ngazvirege kudaro kwamuri, Ani naani anoda kuva mukuru pakti penyu anofanira kuva muranda wenyu. Uye ani naani anoda kuva wokutangaanofanira kuva nhapwa yenyu, sezvakangoita kuti Mwanakomana woMunhu haana kuuya kuzoshandirwa asi kuzoshandira nokupa upenyu hwake sorudzikinuro rwavazhinji"* (Mateo 20:25-28). Zvimwe chetezvo, mushure mokugeza tsoka dzevadzidzi vake Jesu akati, *"Munondidaidza kuti 'Mudzidzisi' uye ndizvo chaizvo, nokuti ndizvo zvandiri. Zvino kana ini, Ishe wenyu nomudzidzisi wenyu, ndashambidza tsoka dzenyu, nemiwo munofanira kushambidzanai tsoka dzenyu"* (Johane 13:14). Mwari vanopa vatungamiri simba noutongi kuti vashandire vamwe vavo.

Asika, vaporofita venhema vanofarira kutyora masimba avo nokubiridzira vamwe kuti zvivanakire ivo. Vanongozvifunga ivo pachavo (Judha 1:12) uye *"vanotevera kuchiva kwavo vamene, vanozvirumbidza ivo pachavo uye vanobata vamwe kumeso kuti zvivanakira ivo"* (Judha 1:16). Vanofananidzwa nevafudzi vakashata, vomunguva yaEzekieri, *"Zvanzi vane nhamo vafudzi, vaIsraeri vanongova nehanya nokuzvifudza pachavo. Ko vafudzi havafanisi kufudza makwai here? Munodya ruomba, munozvifukidza namakushe muchiuraya makwai akakora, asi hamuna hany'a nemakwai. Hamuna kusimbisa asina simba, kana kurapa anorwara, kana kusunga akakuvara. Hamuna kutsvaga akarasika kana kudzosa akasungwa. Makabata nehasha noutsinye. Saka makwai akapararira nokuti kwakange kusina mufudzi uye paakapararira akave zvokudya zvezvikara zvesango..."* (Ezekieri 34:2-4).

Unofanira kuchenjerera pose paunoona mutungamiri achizvisimudzwa kuti aonekwe, pane kuva nehanya nevamwe. Mutungamiri wechokwadi anozvininipisa uye achi-

fungawo vamwe sevakakosha kupfuura iye, achinakekera avo vasina simba, sevaya vanorwara, varombo, nevakadzvanyirirwa. Mufudzi akanaka anopapira upenyu hwake kuhwayana dzake (Johane 10:11).

2. Vatungamiri venhema vanotarira mari, vezvokwadi vanotarira ushumiri. Chiratidzo chikuru chokuti, uyu muporofita wenhema, atariro kumara noupfumi, uye nedzidziso yokuti umwari ndiyo nzira kukupfuma. Iyi imharidzo yenhema iri kutekeshera mazuvaano, kanapo Magwaro achitiyambira pazviri. Somuenzaniso, ari munyaya imwe cheteyo yedzidziso dzenhema, mupositori Pauro anoti, *"Kana munhu achidzidzisa dzidziso dzenhema uye asingabvumi dzidziso yakanaka yaIshe wedu Jesu Kristu uye nedzidziso youmwari, anozvikudza uye haazivi chinhu. Anongofarira nharo nokukakavara pamusoro pemashoko asingabatsiri, anongomutsa godo, gakava, kutukana nokufungidzirana zvakaipa. ... uye vanofunga kuti umwari inzira yokuwana nayo mari. Asi umwari nokugadzikana nezvatinazvo zvinopfumisa kwazvo kwazvo. Nokuti hatina kuuya nechinhu panyika uye hatigoniwo kubuda nechinhu mairi. Asi kana tine zvokudya kana zvokupfeka tichagutsikana nazvo. Vanhu vanotsvaga kupfuma vanowira mukuedzwa nimumisungu uye nomukuchiva kwoupenzi kuzhinji uye kunokuvadzakunoisa vanhu mukuparadzwa nokuraswa. Nokuti kuda mari ndiwo mudzi wezvakaipa zvose. Vamwe vanhu vanoda mari zvikuru vakatsauka kubva pakutenda uye vakazvibaya neshungu zhinji"* (1 Timoti 6:3-10).

Dambudziko rimwe chetero rakatambudza vana vaIsraeri muTestamende yakare. Vanzwe Jeremiah, Mika naIsaya vachichema nedambudziko rimwe chetero. *"Kubva kumudiki kusvikira kuvakuru, vose vanokarira pfuma, vaporofita navaprista zvimwe chetezvo, vose vanoita zvokunyengera. Vanosunga ronda ravanhu vangu sokunge vasina kukuvara zvcikuru. Vanoti 'rugare, rugare' ipo pasina rugare"* (Jeremia 6:13-14); *"Vatungamiriri varo vanotongera fufuro; vapristi vanodzidzisa kuti vapiwe mubairo, uye vaporofita varo vanoprofita kuti vapiwe mubairo. Asi vanozozendama panaJehovha voti kuna Jehovha, asi haasi pakati pedu here? Hapana njodzi ingatiwira. Naizvozvo nokuda kwenyu Zioni richarim wa somunda. Jerusarema richava murwi wamabwe. Pachikomo pamire temberi pachava dondo"* (Mika 3:11); *(Vaprofita) "Imbwa dzinokara zvikuru dzisingaguti, vafudzi vanoshaiwa kunzwisisa vose vanotsaukira kunzira yavo pachavo, umwe nomumwe anotsvaga zvinomupfumisa"* (Isaya 56:11).

Jesu vanotiyambira kuti, *"chenjerai, muchenjerere marudzi ose okuchiva. Upenyu hwomunhu hausi pazvinji zvinji zvaanazvo* (Ruka 12:15). Tinofanira kuchenjerera zvikuru vatungamiri venhema ava, nokuti mwoyo yavo *"inyanzvi pakukara"* (2 Petro 2:14). Uye *"mumashoko avo emanomano vachakunyengererai"* (2 Petro 2:3). Kanapo vachipfekedza unyengeri hwavo minamidza nokushandura zvirevo zveBhaibheri, asika, kumagumo azvo, vanange vakatarira pamari noupfumi hwepano pasi.

Tarira kuti zvinosiyana sei nomutungamiri anoumwari samupositori Pauro: *"Handina kumbochiva sirivha nendarama yomunhu, kana goridhe kana nguo yomunhu. Imi munoziva pachenyu kuti maoko angu aya akabatira kushayiwa kwangu nokushaiwa kwavandaiva navo. Munezvose zvndakaita ndakakuratidzai kuti namabatiro akaoma aya tinofainra kubatsira vasina samba, tichirangarira mashoko ashe wedu Jesu Kristu pachake, paakati 'Kupa kwakaropafadzwa kupfuura kugamuchira'"* (Mabasa 20:33-35). Pauro anonbyorazve achiti, *"Nokuti hatina kufanana navazhinji vanokanganisa Shoko raMwari vachida kuwana mugove kubva kwariri asi tinotaura munaKristu nokutendeka pamberi paMwari navanhu..."* (2 Korinde 2:17). Vatungamiri vakatendeka vanofanira *"kusununguka kubve kukukare mari"* (1 Timoti 3:3). Zvakare mupositori Pauro anonyorera Timoti: *"Asi kana tine zvokudya kana zvokupfeka tichagutsikana nazvo"*(1 Timoti 6:8).

3. Vatungamiri venhema vanovanze zvivi; vatungamiri vechokwadi vanoparidza kutendeuka. Dingindira remharidzo yowakatumwa naMwari adanidziro kukutendeuka kubva kuzvivi uye kutendeukira kuna Mwari nokudaro vaponese mweya yavo. Muporofita Mika somuenzaniso, akasiyanisa ushumiri hwake navaporofita venhema, uye navapirista venguva iyoyo, vaivenga chokwadi, vachida kuipa uye vachitungamirira vazhinji kukuraswa. *"Asi kana ndirini ndizere nesimba nomweya waJehovha uye nokururamisira nesimba kuti ndizivse Jakobho kudarika kwake"* (Mika 3:8). Tingangoti isu Ishe vakatuma vaporofita vose vakare vomuTestamende yakare kuti vaparidze kutendeuka, *"Ini ndakatuma ndatumazve kwamuri varanda vangu vose ivo vaporofita ivo vakati kwamuri, mumwe nomumwe wenyu anofanira kudzoka panzira dzakaipa dzose mugonatsa zviito zvenyu murege kuteerera vamwe vamwari kuti muvashumire"* (Jeremia 35:15).

Kutendeuka kuva kuzvivi idindingira guru zvakarewo mumharidzo nedzidziso dzeTestamende Itsva. (Somuenzaniso) Johane mubhabhatidzi akaparidza kutendeuka (Mateo 3:1-2), Jesu iye pachake akaparidza kutendeuka (Mateo 4:17), Petro naPauro vakaparidza kutendeuka (Mabasa 2:38; 3:19; 26:20), uye mutsamba dzake kumaKereke manomwe omuAsia Jesu vakaramba vachikomekedzesa nezvokukosha kwokutendeuka (Zvakazarurwa 2:5, 16, 21, 22; 3:3, 19). Vatungamiri vatsvene havapotereri panyaya yechivi, asi kuti vanobaya dede nomukanwa uye vachipa bembera rakasimba pamusoro pokutendeuka. Vanokurudzira van-

(Inoenderera Mberi Papeji 16)

(Kubva Papeji 15)
hu kuti vasiye zvivi uye kuti vadzokere kuna Ishe.

Asika, vaporofita navadzidzisi venhema vanonyorovesa hudzamu hwechivi. Mwari vanoti ivo kwavari: *"Vanoramba vachiti kuna avo vanondizvidza Jehovha anoti, 'Muchava norugare' uye kuna vaya vose vanotevera kusindimnara kwemwoyo yavo vanoti 'hakuna chakaipa chichakuwira'"*(Jeremia 23:17). Uye vanotizve zvakare: *"Ruoko rwangu rucharwa navaporofita vanoona zviratidzo zvenhema nokutaura kuvuka kwenhema. Havangavi pakati pamakurukota avanhu vangu kana kunyorwa muzvinyorwa zveimba yaIsraeri, havangapindi munyika yaIsraeri. Ipapo muchaziva kuti ndini Ishe Jehovha nokuda kwokuti vanotsausa vanhu vangu, vachiti Rugare ipo pasina rugare, uye nokuti pavanovaka rusvingo rwakatetepa vanorupenda nependi chena. Naizvozvo udzai ivavo vanorupenda kuti ruchawa. Mvura ichanaya yakawanda uye ndichatuma chimvuramabwe chicharova pasi uye mhepo dzine simbadzichavhuvhuta"* (Ezekieri 13:9-11). Pachinzvimbo chokutuka chivi, (vatungamiri venhema) vanotokurudzira *"vakaipa kuti varege kutendeuka panzira dzavo dzakaipa nokudaro vaponses mweya yavo"* (Ezekieri 13:22).

Vaporofita venhema navadzidzisi venhema vanovavarira kufadza vanhu nokuzvifadza ivo pachavo pano kukomekedzesa kuvanhu kukosha kwokuzviramba, kutakura muchinjikwa uye kutevera Kristu. Havadzamisi huipi hwechivi, uye havayambiri vanhu kuti vanga tiza sei kutongwa. Vanonyepera vamwe uye nokuvavimbisa ukama naMwari asi pasina kutendeuka nokuteerera.

4. Vatungamiri venhema vanominamisa Shoko raMwari; vatungamiri vezvikwadi vanoparidza chokwadi chaMwari. Vatungamiri vechokwadi havango paridzi nokudzidzisa kutendeuka chete, asiwo vakavimbika *"kukuparidza kuda kwose kwaMwari"* (Mabasa 20:27). Vanonanzerera kuti Magwaro ose akafemerwa naMwari uye kuti *"Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari uye runobatsira pakudzidzisa kurayira, kutsiura, nokurairidza mukururama, rune chinangwa chokuti munhu waMwari akwaniswe kwazvo uye agadzirirwe mabasa ose akanaka"* (2 Timoti 3:16). Havaminamidzi, kana kuregedzera zvokwadi nzvaro, asi *"paridza Shoko"* uye *"kurayira, tsiura, uye kukurudzira nemwoyo murefu"* (2 Timoti 4:2). Vanoshingairira kuti vazviratidze pamberi paMwarisavanhuvanogamuchirwavashandi vasinga nyadziswi, *"uye anonyatsoruramisa Shoko raMwari"* (2 Timoti 2:15). Havaparidzi kana kudzidzisa shoko ravo, asi Shoko raMwari zvisinei nokuti rinokurumbira kana kusakurumbira sei. Vanotsetsenura Shoko raMwari sezvazviri uye zvinesimba nemutsindo. Havateveri mifungu yezvimbwa sungata zvevadzidzi veBhaibheri, asi kuti vanoshingairira *"pamusoro poruponeso rwatinogovana... kutenda kwakapiwa vatsvene kamwe"* (Judha vs 3).

Vaporofita navadzidzisi venhema, nokuno rumwe rutivi vanozvidza chokwadi (2 Petro 2:2). Vanonhengedzera zvidimbu-dimbu zveShoko kuti zvizadzikise zvinangwa zvavo, uye vanoshandura nokuminamisa Shoko raMwarikuzadzikisa zvavanoda (Jer 23:36; Garatia 1:7; 2 Petro 3:16). *"Vanokuzadzai netariro dzenhema uye vanotaura zviratidzo zvinobva pandangariro dzavo, zvisingabvi mumuromo waJehovha"* (Jer 23:16). *"Vanoporofita zvinobva mumirangariro yavo"* (Ezekieri 13:2), uye *"vanotevera mweya yavo ivo vasina chavnoona"* (13:3).

Hongu, vadzidzisi venhema vanokwanisa kunyengera uye ugozvibvuma. Ndiyo mhaka nei vanhu vaMwari vahifanira kuchenjerera, votora kuda kwose kwaMwari, uye vanofanira kufunganya dzidziso dzose dzanhasi maringe nedzidziso yararama kusvika nanhasi. Zvakare Jesu vanotuyambira kuti vazhinji vacharasiwa. Tinofanira kukura munaKristu kuti tirege, kuramba tiri vacheche *"vanosundirwa shure nemberi vachipeperetswa kuno nekoko nemhepo ipi zvayo, yedzidziso uye nokunyengera nousvinu hwavanhu mukutsausa kwokunyengera kwavo"* (VaEfeso 4:14). Nemhaka yokuti mnhu anozviidza muporfita kana mudzidzisi hazviervi izvo kuti akatumwa naMwari. *"Handian kutuma vaporofita ava, kunyange zvakadaro vakamhanya neshoko ravo, ini handina kutaura navo, kunyange zvakadaro vakaporofita"* (Jeremia 23:21). Tine basa guru kwazvo rokunongedzera nokufrumura vantungamiri venhema ava.

5. Vatungamiri venhema vane dzidziso yaKristu yakaminama; vatungamiri vechokwadi vanotarira panaKristu. Chiratidzo chiri pakati-kati pevaporofita nevadzidzisi venhema idzidziso yakamonyeka pamusoro paKristu namabasa ake. Mupositori Petro anotiyambira kuti kuchava *"nevadzidzisi venhema pakati penyu. Vachazivisa pakavanda dzidziso dzinoparadza vachiramba kunyange naTenzi akavatenga"* (2 Petro 2:1). Judha anotsanangura vatungamiri venhema ava *"savanhu vasina Mwari vanoshandura nyasha dzaMwarivachidzitora semvumo yokuita upombweuye vachiramba Jesu Kristu Ishe naTenzi wedu mumwe oga"* (Judha vs 4). Mupositori Johane anotirayira kuti *"musatenda mweya wose wose, asi edzai mweya kuti muone kana ichibva kuna Mwari, nokuti vaporofita vazhinji venhema vakapinda munyika. Aya ndiwo maziviro amungaita mweya waMwari, mweya mumwe nomumwe unopupura kuti Jesu Kristu akauya munyama unobva kuna Mwari. Asi mweya wose usingapupuri Jesu haubvi kuna Mwari..."* (1 Johane 4:1-3). Zvimwe chetezvo mupositori Pauro anotikurudzira kuti *"parege kuva nemunhu anokutapai nokutaura kusina maturo, kunonyengera kunozendamira patsika dzavanhu uye nedzokufam-*

ba kwenyika ino asingateveri Kristu. Nokuti munaKristu kuzara kwaMwari kunogara maari pamuviri" (VaKorose 2:8-9).

Hongu, dzidziso pamusoro paKristu nemabasa ake ndeicho chakakosha zvikurusa. Tingangoti isu mwongo wedzidziso yeTestamende itsva iri pamusoro paKristu, zvichitangira mubhuku yaMateo, *"Iyi ndiyo nhoroondo yemadziteteguru aJesu..."* (Mateo 1:1), kusvikira kumagumo aZvakazarurwa, *"Nyashea dzaIshe Jesu ngadzive navanhu vaMwari. Ameni"* (Zvakazarurwa 22:21). Pakati napakati mumapeji aro Shoko raMwari rinosimudza nezvokuzvarwa kaJesu nemhandara, umwari hwake, simba roushumiri hwake, upenyu hwake husina chivi, rufu rwake rwokuzvipira, kumuka kwake kuvakafa, kukwira kwake kudenga achinogara kurudyi rwaBaba, uye nechivimbiso chake chokudzoka rwepiri.

Muchadzera chokuva kwaKristu pakati nepakati, (munazvose) hazvishamisi kuti vaporofita, vadzidzisi nezvitendero zvenhema vanominamidza chimiro chaKristu. Mweya waandi kristu uri kushanda kwazvo munyika ino (1 Johane 4:3) uye mweya iwoyo unopikisa zvose zvinoda kuzadzikswa kubudikidza naKristu. Chenjererai munhu wose kana boka rose rinoda kudzima hunhu nemabasa aKristu, kusanganisira, simba roushumiri hwake, upenyu hwake husina chivi, rufu rwake rwokuzvipira, kumuka kwake kuvakafa, kukwira kwake kudenga achinogara kurudyi rwaBaba, uye nechivimbiso chake chokudzoka rwepiri.

Nokune rumwewo rutivi, vatungamiri vechokwadi vanoramba vakatarira kuna Kristu, vachimukudza pamusoro pezvinhu kana munhu wose. Mharidzo nedzidziso dzavo dzakagadzikana munaKristu (1 VaKorinde 1:23; VaKorose 1:28), uye nedzidziso dzavo dzinoungirana nekomekedzo yeTestamande Itsva uye nezviga zvatakasiyirwa nechivanhu choumwari. Sokutaura kwamupositori Pauro *"hatizviparidzi isu pachedu asi Jesu Kristu saShe uye isu savaranda venyu nokuda kwaJesu"* (2 Korinde 4:5).

6. Vadzidzisi venhema havana chimiro choumwari; vatungamiri vechokwadi vakarurama nguva dzose. Chimwezve chirakidzo chavatungamiri venhema hunhu husina umwari. *"Kana vari vaporofita mwoyo wangu waputsika mukati mangu, mapfupa angu ose anodedera. Ndakaita somunhu akadhakwa somunhu akundwa newaini... 'Nyika izere neupombwe, nyika yaoma nokuda kwokutukwa uye mafuro omagwenga aoma. Vaporofita votevera nzira yakaipa uye vanoshandisa simba ravo nokusarurama. Muporofita nomuprista vose havana umwari kunyange mutemberi yangu, ndinowana kuipa kwavo ndizvo zvinotaura Jehovha. Naizvozvo nzira yavo ichatsvedza, vachadzingirwa kurima uye ikoko ndikwo kwavawira. Ndichauyisa njodzi pamusoro pavo pagore ravacharangwa, ndizvo zvinotaura Jehovha. Pakati pava porofita veSamaria ndakaona chinhu chinonyangadza ichi; vakaporoifita naBhaari uye akatungamirira vanhu vangu vaIsraeri pakurasika kwavo. Uye pakati pavaporofita veJerusarema ndakaona chimwe chinhu chinonyangadza, vanoita upombwe uye vanoreva nhema, vanosimbisa vmaoko evaiti vezvakaipa zvokuti hakuna anodzoka pazvakaipa zvake, vakaita seSodhoma kwandiri vanhu veJerusarema, vakaita seGomorah'"* (Jer 23:9-14). Muporofita Zephenia anowedzerawo achiti, *"Vaprorofita vavo vanokudza, vanhu vanonyengera. Vaprista varo vanozvidza nzvimbo tsvene uye vanoputsa murairo"* (Zefania 3:4). Zvinorwadza sei kuti vatungamiri ava vaive vakazara utsi hwokusazvibata, huipi, manyepo, huchambwa nochikiruku. Uye kubva kwavari hutsi uhu hwakatekeshera munyika yose (Jeremia 23:15).

Zvokwadi imwe cheteyo inowanikwa muTestamende Itsva. Judha anotsanangudza vatungamiri venhema se *"vasina Mwari, vanoshandura nyasha dzaMwari wedu vachidzitora semvumo yokuita upombwe..."* (Judha vs 4), uye *"vanosvibisa miviri yavo uye vachiramba utongi"* (v 8), vanhu vanotevera kuchiva kwavo uye vanotaura, vanozvitutumadza pachavo, uye vanobata vamwe kumeso kuti zvivanakire ivo (v 16). Mupositori Petro anonongedzerawo kuti vanogara sei munyama, vachisvora utongi hwose, vanobira vamwe uye vanorarama muzvivi (2 Pet 2:10-14). Vanovimbisa runyararo, *"asi ivo pachavo vari nhapwa dzouori..."* (2 Pet 2:19).

Kushaika kwoumwari uku nounyengeri zvinokwanisa kufukidzwa. Somuenzaniso Jesu anoti iye kuvatungamiri vasina umwari vomunguva yake, *"Munenhamo imi vadzidzisi vomurayiro navaFarisi. Makafanan namakuva akacheneswa kunze anotaridzika kuva akanaka asi mukati azere namapfupa avanhu vakafa nezvinhu zvose zvine tsvina. Nenzira imweceheteyo munoonekwa navanhu kunze semakarurama asi mukat menyu muzere nounyengeri"* (Mateo 23:27-28). Hongu Jesu, akaona kupfuurira muunyengeri hwavo akanongedzera kuti vanhu ava *"vaiita zvinhu zvose kuti vaoneke nevanhu"* (Mateo 23:5-6; Ruka 20:46), havaiti zvavanoparidza (Mateo23:3) uye havana ngoni, kururama nokutendeka(Mateo 23:23).

Tarira musiyano uripo navatungamiri vezvokwadi. Somuenzaniso mupositori Pauro anotigovera kuti chikumbiro chake *"hachibvi pakukanganisa kana pamufungo usina kunaka, uye hatisi kuedza kunyengera"* kana *"namanzwi ounyengeri...kutsvaga kurumbidzwa,"* uye haana kutsvaga kukudzwa navanhu. Akange ari mutsvene, akazvibata, akarurama uye asina chaanopomerwa.

Anokurudzira Timoti mwana wake mukutenda, kuti ave muenzaniso *"kuvatendi mukutaura, muupenyu, murudo, mukutenda uye napakuchena pamwoyo"* (1 Timoti 4:12). Uye kuti asimudze hunhu hwakarurama kuvamwe vatungamiri: *"mutariri anofanira kuva munhu asina, chaanopomerwa, murume womukadzi mumwe chete, anozvidzora anokudzwa, anoitira vaeni rudo, anoziva kudzidzisa, asingadhakwi, asingarwi, uye ano unyoro,asina gakava, as-*

(Inoenderera Mberi Papeji 18)

(Kubva Papeji 17)
ingakariri mari" (1 Timoti 3:2-3). Namamwe manzwi, hunhu hwomutungamiri wechokwadi hwakarongeka muumwari, uye mumafambiro ake ose oupenyu. Kana pakasave namafambiro anoumwari muupenyu hwomutungamiri, ndapota chenjera.

7. Vatungamiri venhema vane michero yakaipa; vechokwadi vane michero yakanaka. Chirakidzo chomutungamiri wenhema ndewokuti anozvara zvibereko zvakaipa mumweya. Jesu vanotidzidzisa vachiti, *"Chenjererai vaprofita venhema, vanouya kwamuri vakapfeka metehwe ehwai, asi mukati mavo ari mapere anoparadza. Muchavaziva nemichero yavo..."* (Mateo 7:15-16). Kunze vangangoita sevasina mhosva, vasina ngozi uye kuzvininipisa, asi michero yeushumiri hwavo inotizarurira, kuti chinangwa chavo chikuru hainei chokuita nehwai. Ndivo vanokonzera kupokana (Judha v 19). Vafudzi vanopradza nokuparadzira hwai (Jeremia 23:1). *"Mapere achapinda pakati penyu asingaregi boka...vachamuka vachiminamisa chokwadi vachiitira kuti vatape vadzidzi kuti vavatevere"* (Mabasa 20:29-30). Mupositori Pauro anotiyambirazve kuti, *"muchenjerere vaya vanopesanisa uye vanoisa zvigumbuso pamberi penyu vanopikisana nedzidziso yamakadzidza imi"* (VaRoma 16:17).

Nokno rumwewo rutivi, vatungamiri vechokwadi vanoshongedza vatsvene,uye kugadzira vatsvene vaMwari, kuti muviri waMwari uvakwe, kusvikira tasvika muhuumwe hwokutenda (VaEfeso 4:13). Vanoshandisa simba ravakapiwa naShe *"kuvaka kwete kuparadza"* (2 VaKorinde 13:10). Havaisi zvigumburo munzira dzavatendi, *"kuti ushumiri hurege kuzvidzwa,"* asi savaranda vaMwari vanorumbidzwa pane zvakanaka munzira dzose: *"mukurohwa, kusungwa, nomubope; mukushanda zvakaoma mukusavata, nokushaiwa zvokudya, mukuchena, kunzwisisa, mwoyo murefu nengoni muMweya Mutsvene uye nerudo rwechokwadi, uye nomusimba raMwari"* (2 VaKorinde 6:3-10). Uye kubudikidza noushumiri hwakavimbika kudai, Ivhangeri inozvara zvibereko zvomweya (VaKorose 1:6-7).

Garai Makachenjerera!

Tinofanira kutenda zvikuru navatungamiri vechokwadi vanogara vakachengeta mweya yedu, savanhu vachazobvunzwa pamusoro pedu (VaHebheru 13:17). Asika, nenguva imwe cheteyo, tinofanira kugara takachenjera vatungamiri venhema, vanoda kuunza marwadzo kumuviri waKristu. Mupositori Pauro anonongedzera kuti, *"vanhu vakaipa nevanonyengera vachanyanyisa kuipa, vachinyengera nokunyengerwa"* (2 Timoti 2:13). Namupositori Petro anotiyambirawo zvakare kuti vazhinji vachatevera nzira dzavo dzinonyadzisa uye nzira dzezvokwadi ichazvidzwa (2 Petro 2:2).

Naizvozvo tinofanira kuchenjera nokuzvidzivirira kubva kuvatungamiri venhema ava. Kupomerwa kuri pachena; kwavari *"...vakachengeterwa rima guru nokusingaperi"* (Judha v13). Hatimbofaniri kuva pasi pembiri yavo, asi sokutaura kwaJesu *"Chenjerai kuti murege kunyengerwa nomunhu"* (Mateo 24:4).

(Uyo ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kumaKereke) (mupepeti). Kubva mumapepa aNdira/ Kukadzi 2010)

KO VAKATENDEKA VARIKUPIKO?

naRich Carmicheal

"Inzwai Shoko raJehovah, imi vaIsraeri, nokuti Jehovah ane mhosva yaari kupa kwamuri imi vagare munyika; Hapana akatendeka, hapana ano rudo, hapana anoziva Mwari munyika. Mune kutuka chete, kunyengera nokuuraya, kuba noupombwe; vanoparadza zvose zvinovadzivisa, uye kudeuka kweropa kunotevera kudeuka kweropa. Nokuda kaizvozvi nyika inochema, navose vanogara mairi vanoperezeka..." (Hosea 4:1-3).

Chinosuwisa zvikuru ndechokuti, mamiriro aive akaita zvinhu sokutsanangurwa namuporofita akafanana zvikuru naamazuva ano. Kusachena pamwoyo, madyo, mhirizhonga, huori, utongi hunoutsinye, dzidziso dzenhema, utungaimiri husina umwari, hudzvanyiriri, kupfuma nezvikiribida, kushaya nyadzi, kunyengera, nezvimwewo, zvazarisisa munyika yose. Nerubatsiro rwenziyo yomuimbi tingatongoimbawo nhasi tichiti, *"Batsirai Mwari, nokuti vanoda Mwari hapachisina, vakatendeka vapera pakati pavanhu"* (Ps 12:1).

Izvi zvinoshungurudza Mwari zvikuru nokuti ivo vakavimbika zvikuru uye vanoshuwira kuti nesuwo tivimbike kwavari munazvose. Vanodisa zvikuru kuti tizvipire nemwoyo yedu yose kwavari, tirarame zvino kutya neruremekedzo kunzira dzavo, takazadzwa nukuvimbika nehunhu hunoumwari, uye kuramba zvose zvisingamufadzi Mwari. Kudimbuka kwose mukudyidzana kwedu naye, chiratidzo chokusavimbika kwedu kuno uyo anotida zvikuru.

Chinorwadzazve zvikuru, ndechokuti vazhinji nhasi, kusanganisira nevari muKereke, havanyatsoziva Mwari kana kumuda. Vanoramba Shoko rake, vanopedza nguva shomanana naye muminyengetero, uye havaiti kuda kwake

kana basa rake zvinokuvimbika. Vamwe varikutoedza kunhadzurudza nekuchijinura Mwari pamwe neShoko ravo zvichienderana nokuda kwavo. Vanozvida, vanonyengera, vanoda mari uye vanoda kuzvifadza nezvenyika pane kuda Mwari, vane mufananidzo chete wokuda Mwari asi vachiramba simba racho (2 Timoti 3:2-4).

Kutongwa

Mumhinduro kuzvivi nokusa vimbika kwose uku Mwari vanotumira kutongwa. Sokutaura kwaMozisi, *"Wakasiya Ibwe rakakubereka; wakakanganwa Mwari akakubereka. Jehovaha akaona izvi akavaramba nokuti akanga atsamwiswa navanakomana vake navanasikana vake. Ndichavanza chiso changu kubva kwavari, iye akadaro. 'Tigoona kutimagumo avo achazodii; nokuti rudzi rwakatsauka, vana vasina kutendeka'"* (Dhuteronomi 32:18-20).

Hatikuoni here kutonga kwaMwari pamusoro penyika yeAmerica nedzimwe nyika, kutonga kunosanganisira kubviswa kwohuvepo nesimba ravo Mwari, kubviswa kwamakomborero pamweya nemakomborero muzvoupfumi, dzikisiro kukudzorwa kwezvivi, uye kuwanda noukasha hwekudengenyeka kwenyika? Tinotenda Mwari nokuda kwokuti chikonzero chavo chokutumira kutongwa, hakusiri kwokutiparadza bodo, asi kutizarura meso kuti tione mubayiro wokutandza kwedu uye kuti titendeukire kwavari, nokunatsirudza ukama hwedu naMwari. Naizvozvo, kana imo mukutonga kwavo, Mwari vanotumira shoko ravo neMweya wavo vachiti kwichidzira kuti tidzokera kwavari.

Mutsurudzo Mumazuva Edu

Somuenzaniso, funga nezvemutsiridzo yakavapo munguva youtongi hwaHezekiah. Mambo Ahazi, uyo akavepo kutanga, akange, *"akurudzira zvakaipa munyika yaJudha, uye akange anyanyisa kusatendeka kunaJehovah"* (2 Makoronike 28:19). Akapa zvibayiro kuna vaMwari veDamasikho zvakakonzera kudhirika kwake naIsrael (28:23). Mambo Hezekiah paakatanga kutonga, akabvuma kutongwa kwakange kwave pamusoro pavanhu vaMwari, nokuda kwokusavimbika kwavo, akadana vaRevhi navapirista kuti vazvitsaure neimba yaMwari (29:5-11). Akatumira nhume munaIsraeri yose naJudha, achidanira vanhu kuti vadzokere kunaMwari wavo nokumushandira [*nokumuteerera*], kuti hasha dzake dzinotyisa dzibve kwamuri uye kuti iye Jehovah adzokere kwamuri (30:6-9).

Kanapo vamwe vanhu vakashoora nokuseka vatumwa vaHezekia, asika vamwe vakazvininipisa vakadavira kuiri bembero. Vakaungana muJerusalem, vakabvisa maaritari ose ezvimwari, uye vakapemberera mutambo weChingwa chisina mbiriso [Passover Feast] vachinamata Mambo wavo (30:10-26*). "Vapirista navaRevhi vakamira kuti varopafadze vanhu, Mwari akavanzwa, nokuti munyengetero wavo wakasvika kudenga, nzvimbo yake tsvene yokugara"* (30:27). Izvi zvose pazvakapera *"vaIsraeri vakanga varipo vakabuda vakaenda kumaguta eJudha vakaputsa matombo ose anoyera uye vakatema matanda eAsheri. Vakaparadza nzvimbo dzakakwirira nearitari muJudha yose neBenjamini nemuEfurefu naManase. Vapedza kuparadza zvose vaIsraeri vakadzokera kumaguta avo nekuzvinhu zvavo"* (31:1-2). Kunamata kwechokwadi kwakadzoredzerwazve uye makomborero aMwari akadzorerdzerwawo kuvanhu (31:2-18).

Funga zvakare nemutsurudzo yomunguva yaEzira. Uyo akange munhu waMwari *"akange azvipira kunzvera nokutevera Murayiro waJehovha, uye nokudzidzisa mitemo nemirayiro yawo muIsraeri"* (Ezira 7:10). Ruoko rwaMwari rwakave pamusoro pake uye akatungamira chikwata chavanhu kubva muBhabhironi vachienda kuJerusalem nesirivheri, goridhe, nezvainosevenzeswa muimba yaMwari. Paanosvika muJerusalem, Ezira anoona kuti vanhu vazhiji, kusanganisira navatungamiri, vaive vatadzira Mwari nokusazvitsaura kubva kumamwe marudzi, asi vaive votoroorodzana navo.

Ezira akashungurudzika zvikuru nenyaya idzi, akabvarura nguwo dzake, nokudzura bvudzi nendebvu dzake, ak agara pasi onokushamisika (nokurwadzikana) kukuru. *"Ipapo vose vakadedera nokuda kwamashoko aMwari waIsraeri vakauya vakaungana kwandiri nokuda kwokusatendeka kwavatapwa"* (9:4). Zvino nenguva yechibayiro chamadekwana, Ezira akasimuka akawira pamabvi ake, akatambanudza maoko ake kuna Mwari wake, akadurura mwoyo wake mumunamato. Akabvuma nezvenyasha dzaMwari mukuvadzikinura kubva mukutongwa kwakapfuurauye akabvuma nezvekushushikana kwake nemirango yaizopiwa naMwari kukusavimbika kwavo: *"Hamungatitsamwiri zvakafanira kutiparadza, muchitisiya pasina mupenyu kana angasara here? Imi Jehovha, Mwari waIsraeri makarurama! Tasara nhasi isu sevakasara, Zvino tiri pano pamberi penyu nemhosva yedu, kunyange pasina mumwe chete angamira pamberi penyu nokuda kwechivi ichi"* (9:14-15).

Ezira paakange achireurura nokungengetera, ungano huru yavarume, vakadzi nevana vakaungana paari vachiungudzawo zvikuru [pamberi paMwari]. Ipapo Shekania mwanakomana waJehieri wazvizvarwa zvaEramu akataura aya mashoko anobaya zvikuru: *"Takatadzira Mwari wedu nokuwana vakadzi vatorwa kubva kundudzi dzakatipoteredza. Asi kunyange zvakadaro Israeri ichine tariro, Zvino ngatiitei sungano pamberi paMwari kuti tidzinge vakadzi ava nevana vavo vose maererano nezvakarairwa naIshe wangu neavo vanotya mirairo yaMwari wedu. Ngazviitwe maererano nomurayiro. Simuka! Nyaya iyi yava mumaoko ako. Tichamira newe, saka tsunga mwoyo uzviite"*

(Inoenderera Mberi Papeji 20)

(Kubva Papeji 19)
(10:2-4). Mushure maizvozvo, danidziro yakaendeswa kumunhu wose kuti vanosanganirana muJerusalem, Ezira akavatungamira mukureurura nokutendeuka, uye vakapikira kuti pane matanho avaizotora kuti kudzivisa hasha dzaMwari wavo.

Mutsurudzo Mumazuva Edu

Patinofunganya nezvechivi uye kusavimbika pana Mwari munguva yedu, varipiko vaneumwari, zvizere-shoko savana Ezira; vanoshugurudzwa vagokuchema pamberi paMwari pamusoro pechivi, vachitungamira vanhu kukutendeuka (nokuvimbika)? Varikupiko vanaHezekia vachaita *"zvakanaka uye zvakarurama uye zvakatendeka pamberi paJehovha Mwari wake"* (2 Makoronike 31:20), vachanamatira pana Mwari vasingaregi kumutevera (2 Madzimambo 8:16), vachaona kutonga kwaMwari pamusoro pechivi uye vagodanira vanhu kuti vadzokere kunaMwari?

Varikupiko vatungamiri nhasi, savanaDanieri,vachararama upenyu hwokuvimbika vasina huori kana chiri chimwe zvacho chavano pomerwa? (Dan. 6:4). Varikupi vangati naMika, *"...ini ndizere simba neMweya waJehovha, uye nokururamisira nesimba, kuti ndizivise Jakobo kudarika kwake, uye Israeri kutadze kwake"*? (Mika 3:8). Vari kupiko vachazvipira kuramba vachinyengetera nepakushumira shoko (sevapositori pana Mabasa 6:4), uye vachaparidza shoko uye vagogara vakagadzirira panguva yakafanira nenguva isina kufanira vachirayira, kutsiura, vachikurudzira nemwoyo murefu zvikuru uye nokudzudzisa zvakanaka? (2 Tim 4:2). Varipiko, nokuda kwokurwadzikana pamusoro pevanhu vaMwari vachavateurira kuti *"vamire vakasimba mukuda kwose kwaMwari"*? (Korose 4:12).

Uye varikupi vanhu saShekaniah vachachengetedza Shoko raMwari muhana dzavo, vagozvininipisa, vachireurura zvivi zvavo uye vachidanira vanhu kuti vadzokere kunaMwari? Varikupi vamirririri muminamato (intercessors) vakavimbika uye vachavaka midhuri vagomira pamukaha, kuti kutonga kwaMwari kusawire pamusoro pavanhu? (Ezekia 22:30-31). Varikupiko vachamira vakatendeka, vasina chavanopomerwa; vana vaMwari vasina chavanopomerwa, vakachena munyika iyi ine rudzi rwakakombama uye rwakatsauka? (Firipi 2:15).

Varikupiko varanda vakarurama nokuvimbika vachazovimbika munazvose uye pazvose zvavachapihwa naMwari? (Mateu 25:23; Ruka 16:10). Varikupiko varanda *"vakavimbika muna Jesu Kristu"* (Efeso 1:1) uye *"vachavimbika kusvika parufu"*? (Zvakazarurwa 2:10).

Kana pane nguva kana awara rinodikanwa vanhu vaMwari, kuti vasimuke, kuti vararame muutsvene nokuvimbika muupenyu hunofadza Mwari, kuti vamire pamukaha vachinyengeterera nekuteurira Kereke, kuti vagovere nyasha dzaMwari uye kuparidza zvine ushingi zvokwadi yaMwari, ino ndiyo nguva yacho. Ino inguva yokuti vatsvene vaMwari vasimuke kuti nyika igovaona.

Chivi Nekudzikinurwa

Mubayiro wezvivi ndirwo rufu [VaRoma 6:23]. Asi chinhu chinofadza ndechekuti Jesu akaripira chirango chacho pamuchinjikwa; *"namavanga ake takaporeswa"* [Isayo 53:5], Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, [VaRoma 6:11-14]; kano tikareurura zvivi zvedu uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa [Mabasa 2:38,39; VaRoma 10:9,10].

Nhanho Dzoruponiso

1. Bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira rufu. *"Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya kwaMwari"* [VaRoma 3:23]. *"Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu"* [VaRoma 6:23].
2. Tendeuka kubva muzvivi, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. *"Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke...Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwira"* [Isaya 55:7].
3. Mukutenda *"kuti Kristu akafira zvivi zvedu...kuti akavigwa akomutswa kuvakafo"* [1 Korinde 15:3,4], vimba naKristu soMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. *"...Kana ukapupura nomuroma wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa unchaponeswa"* [VaRoma 10:9].
4. *"Saka zvino, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe wako, ramba uchifambo maari"* [VaKorose 2:6].